

# Dye Aj Move Sa A

65-0801M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

[Frè Orman Neville di : "Men rapò, konsènan reyinyon konjwen ant konsèy dyak ak administratè tabènak la nan Vandredi swa, n ap li rezolisyon sa yo ki va konsène chak nonm, chak fanm ki se yon disip ministè sa a, ki ta renmen konnen lide konsèy la, pastè a ak pastè asosye a. M ap li rezolisyon sa yo maten an. Tout moun va bay yon enterè epi pote atansyon sou li jan ou kapab." Frè Neville ap li rezolisyon sa yo – Editè a.]

[ "Rezolisyon sa yo te fèt epi te adopte pa konsèy administratè yo, ak dyak yo nan yon akò konplè ak pastè a ak pastè asistan an.]

[ "Tout kasèt mesaj Reveran William Branham preche yo dwe fèt pa Fred Sothmann sèlman, jiskaske konsèy la pran yon lòt desizyon. Nou pa rekonèt kounye a okenn ministè kasèt gratis. Kasèt sa yo gen yon franchiz, epi yo pa kapab repwodwi pa okenn lòt moun ke Fred Sothmann san yon pèmisyon ekri pa li.]

[ "Nimewo de. Pa gen moun k ap fè reyinyon, vann liv oswa kasèt, ekri feyè, bay twal lapriyè oswa kat nenpòt kalite, oswa mande nenpòt kado, ke legliz sa a oswa pastè I rekonèt. Yo fè sa anba fo pretansyon, epi yo pat ba yo otorite pou yo fè sa.]

[ "Twa. Legliz sa a pa voye okenn lòt minis ke pastè li, Reveran William Branham, pou fè sèvis lòt kote.]

[ "Men rezon ki fè yo pran rezolisyon sa yo:]

[ "Yo te pote a atansyon nou ke gen minis k ap travèse peyi a epi k ap antre nan lòt asamble, yo di ke yo asosye avèk legliz sa a, epi se li ki voye yo fè reyinyon sa yo.]

[ "Yo te pote tou a atansyon nou ke gen moun ki enprime kat ak feyè, voye twal lapriyè e latriye, kòm si yo te otorize pou fè sa pa legliz sa a ak pastè li, ki se pa vre. Nou ta apresye si ou avèti legliz la sou nenpòt moun k ap fè sa.]

[ "Rezolisyon sa yo te li epi apwouve pa Reveran Pastè William Branham, pastè asosye Reveran Orman Neville, ak konsèy administratè yo ak dyak yo." ]

[ Frè Neville di: "Se pou Seyè a beni nou." Nan sèvis aswè a, 65-0801E, Frè Branham di kijan konsèy legliz la te pran desizyon sa yo. Espas vid sou kasèt la.]

Tout bagay posib, sèlman kwè;

Sèlman kwè, sèlman kwè,

Tout bagay posib, sèlman ...

Annou bese tèt nou.

Chè Papa ki nan syèl la, nou rekonesan maten an ke nou ka kwè. Sa te vin posib pa san Pitit Gason W Ian, Jezi, pou nou te ka patisipe nan Gras li; epi vin pitit gason ak pitit fi Bondye, atravè obeyisans Li nan lanmò sou kwa a, pou nou te ka jistifye alòske nou kwè nan Li ak rezirèksyon Li, e kounye a, Sentespri a repann nan kè nou.

2 Nou rekonesan pou opòtinite sa a pou nou vin isit la maten an pou pataje panse nou yo ak adorasyon nou yo, ekspresyon nou yo atravè chante yo, temwayaj yo, lekti Sòm yo, lekti Pawòl Ou, epi nou konte solanèlman sou Sentespri a pou delivre nou Mesaj ki prepare pou èdtan sa a. Akòde li, Seyè. Se pou nou pwofite antan nou isit la jodi a. E lè nou kite biling lan, pèmèt ke nou ka di tankou sila yo ki te soti nan Emmaus : "Èske kè nou pa t ap boule anndan nou alòske Li te pale ak nou maten an?" Akòde bagay sa yo, Bondye Etènèl, nan non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

3 Bonjou, zanmi, isit la, ki isit la nan tabènak la epi zanmi nou yo ki nan tout peyi a, tout kote soti nan Kòt Lwès la, ankò maten an, rive nan Kòt Lès la, epi nan nò ak nan sid, ki sou koneksyon telefòn yo.

4 Li fè yon bèl jounen isit la nan Indiana, yon ti kras, gen yon ti kras nyaj, li fè fre, li fè trè byen. Tabènak la chaje, rive nan lakou yo ak nan viwonn mi yo. Nou anba gwo atant pou Seyè a

vizite nou jodi a. E nou swete ke Bondye ba nou yon bon jounen kèlkeswa kote ou ye a. E se yon bon jounen, paske se Seyè a ki bay li. Pa gen pwoblèm si tan an move, se yon bon jounen. Nou kontan poutèt nou isit la, nou kontan ankò paske nou gen opòtinite pou eksprime bay mond lan konfyans nou nan Jezikri. Epi nou vle pran tout opòtinite nou kapab pou eksprime lanmou Li ak sa Li fè pou nou. Jodi a nou se...

5 Yo te ban mwen, kèk moman de sa, yon--yon anons pou m te fè, epi mwen gen kèk bagay isit la mwen ta renmen di. E youn nan yo, anons lan yo te ban m lan konsène yon reyinyon konsèy la lòt jou swa a. E gen yon dyak nan legliz la ki te demenaje al nan Arizona, ki se frè Collins, frè nòb nou an. E pandan absans li, yo menm, konsèy la, te nonmen Frè Charlie Cox pou pran plas li pandan li pati a. E frè Charlie Cox ofisyèlman nonmen pa administratè yo...oswa konsèy dyak nan legliz sa a, pou pran plas frè Collins, pandan absans li.

6 Epi yon bagay mwen vle di, ankò, mwen vle remèsyé nou tout, paske kèk nan nou ka ale lakay nou anvan sèvis gerizon an aswè a, pou bèl ti kado yo, mak afeksyon yo. Yo pote anpil manje pou nou depi lè nou isit la. E madanm mwen avè m, ak fanmi mwen, nou sètènman apresye li. Pafwa mwen blye menm di anyen sou li. Nou sitèlman okipe, ou konnen. Panse m nan yon sòt de toubyon tout tan tout tan. Nou ka imagine ki sa li ye, tout moun sa yo, pa sèlman bò isit la nan legliz sa a, men atravè mond lan. Ou wè? Epi sa gade m nan yon sòt de toubyon tout tan tout tan.

7 Yon moun te pale konsènan konsekrasyon ti bebe yo, ak sèvis batèm yo, elatriye. Sa trè byen. Mwen swete m te kapab fè li, men sa sitèlman mare, mwen--mwen apèn gen tan. Mwen dwe kenbe panse m drèt sou sa a, Mesaj sa a. Ou konnen Bib la di apot yo, oswa ... Apot yo, pito, nan Bib la, te di : "Ale, chache pou kont nou, nan mitan nou, moun ki gen bon rapò, epi ki onèt e ki plen ak Sentespri a, pou ke yo ta ka okipe de zafè yo." E mwen te di Billy...

Li di : "Ou pral konsakre ti bebe a fwa sa, papa?"

Mwen di: "Oh, la la!" Ou wè? Si ... Nou gen anpil nan yo kap tann pou yo konsakre yo, e se vre, mwen pral jis gen pou retounen epi pran yon jou jou espesyal pou konsakre ti bebe yo. Kifè mwen ta renmen fè sa, kounye a.

8 Men, nou vle remèsyé nou chak ak tout kè nou; madanm mwen, mwen menm, ak fanmi nou. Moun yo pote manje nan bwat konsèv pou nou, ariko blan fre, pastèk, kantaloup, oh frèz. Jis nenpòt bagay yo te ka panse, yo pote l.

9 Lòt jou, yon presye frè ak yon sè l te pote yon gwo gwo kodenn pou nou. M ap manje l ankò. E kifè jis... O, e mwen pral oblige fini l anvan mwen pati, mwen devine. Kifè si mwen pa fè sa, li pral pote l dirèk avèk nou. E kifè--kifè, nou pral ... Nou sètènman apresye bagay sa yo. Mwen konnen anpil nan moun yo; gen kèk nan yo mwen pa konnen. Yo depoze bagay sa yo sou galri lakay la lè nou rive. E kifè mwen sètènman apresye sa.

E anpil mwen konnen. Mwen te gen ... Mwen te wè anpil, e gen anpil ke mwen pa arive wè. Mwen--mwen sèten ke tout moun konprann ke mwen--mwen ta renmen al wè tout moun si mwen te kapab, men mwen se sèlman yon sèl. Ou wè? Pou ... Mwen pa arive wè tout moun. M ap fè tout sa mwen konnen ki jan pou m fè l.

10 Kifè, ke Bondye avèk nou. Mwen sèten ke gen Youn ki pral avèk ou; sa se Jezikri, e Li kapab. Li se sèl Moun ki omniprezan. Epi Li toupuisan, konsa Li ka satisfè tout bezwen. Epi, Li omnisan, epitou Li konnen bezwen ou, sa ke ou bezwen an.

11 Mwen rekòmande tout moun ke mwen p ap ... Mwen te fè osi vit ke mwen te kapab, menm depi lè mwen te isit la maten an, e mwen pral wè tout moun ke mwen kapab. E si ... Sa m manke, Bondye toupuisan an pral--pral founi tout bezwen ou yo dapre richès Li nan Laglwa.

12 [Frè Branham pran yon poz, epi l ap pale ak Frè Neville—Editè a.] Mwen pa ka li sa twò byen. Èske w vle li li?

Se yon jan de anons espesyal. E mwen panse se Billy Paul ki dwe ekri li. Kifè li tankou m; Mwen pa menm ka li pwòp ekri pa m. E konsa mwen gen pwòp steno pa mwen. E si ou ta wè kèk nan tèks mwen isit la, ki ekri isit la, ou panse ou ta janm konprann sa? [Frè Branham montre tèks li ekri bay kongregasyon an, epi li ri avèk yo—Editè a.] Mwen gen tankou yon etwal, k ap travèse yon pon, elatriye, jis tout ...

[Frè Neville li yon anons—Editè a.]

Frè Adair, Adair nan Arkansas, se pou al wè Reveran Pearry Green dèyè do legliz la imedyatman. Trè byen.

13 Bon, kifè yon lòt bagay ke mwen ta--ta renmen anonse isit la se--se sa, aswè a kounye a pou sèvis gerizon yo. Nou pral priye pou malad yo aswè a, e konsa mwen--mwen gen konfyans ke ou va la.

14 Epi nou voye bonjou bay tout moun ki toupatou nan peyi a, nan Non Seyè Jezi, ke Bondye beni nou maten an. Kèk nan nou leve nan lè midi. Laba nan New York, li prèske midi. E nan Arizona, nan Kòt Lwès la, li sèlman fè setè. Kifè gen... E isit la nou jis nan mitan. Kifè ke Bondye beni nou pandan n ap koute. Bon sa ka ...

Mwen te gen sou kè m, pandan ke m isit la ...

15 Epi yo pa t pèmèt yo gen oditoryòm yo, epi finalman yo te ban nou pèmisyon; nou ta ka gen yon sèl sèvis, men nou pa ta dwe priye pou okenn malad. Mwen--mwen pa ... Sa se ministè m. Mwen dwe fè sa Sentespri a di m fè. Kifè mwen--mwen te refize li, paske mwen vle lib pou fè tou sa Sentespri a di fè. Ou wè? Kifè mwen te panse nou ka jis soufri yon lòt jou, kanmèm, nan tabènak la. E li fè fre maten an. Seyè a fèk fè yon bèl jounen pou nou isit la, konsa nou rekonesan.

16 Koulye a, antan m ap fè sa, mwen vin isit la nan bi pou m anseye dènye Koup yo, Sèt dènye Koup yo, ak Sèt dènye Twonpèt yo, ak Sèt dènye Tonè yo, nan Liv Apokalips la, mare yo ansanm nan lè sa a ke n ap viv kounye a; pou swiv ouvèti Sèt So yo, Sèt Laj Legliz yo. Kifè nou pa t kapab jwenn plas pou fè li. Kifè mwen--mwen espere ke, osito ke m kapab, nou pral ...nou ka jwenn yon plas ki gran ase pou sa, swa isit la oswa nan Louisville, New Albany, oswa n ap mete yon tant, konsa nou ka jis rete osi lontan ke Seyè a kondwi nou pou nou fè l.

17 Men antan n ap fè sa koulye a, mwen pwofite okazyon sa a pou m eksprime bay moun yo kwayans mwen ak lafwa mwen nan Bondye, epi apre sa mennen nou pou wè lè n ap viv la. E bagay sa, li pa dirije kont yon moun an patikilye, kwayans, kèlkeswa sa li ta ka ye a; se jis jan mwen wè Pawòl Bondye a. E dimanch pase a nou te gen yon trè bon devèsman Lespri a sou Pawòl la. Li te trè long, e mwen rayi rete lontan; men poutan nou pa konnen ki lè ke nou pral rankontre pou dènye fwa nou. Epi nou dwe, menm jan ... nou vle ye. Mwen vle vin, pito, menm jan Pòl te di nan tan lontan : "Mwen pat evite deklare ba nou tout Konsèy Bondye a." Jezi te di ke li pa t kache anyen pou disip Li yo.

Epi kòm mwen, sitèlman okipe pou eseye rete anba onksyon Sentespri a, pou jwenn ki lè a-a, ki Mesaj pou lè a, pafwa mwen pa arive soti epi fè devwa mwen kòm yon sèvitè Kris, kòm yon minis. Men mwen gen plizyè gason k ap eseye ede m fè sa, e mwen rekonesan pou tout frè minis mwen yo.

18 Bon, mwen pa fè eksprè pou m eseye kenbe moun yo. Si nou menm, ki andeyò peyi a kote Mesaj la prale, te kapab kanpe epi gade toutotou legliz sa a maten an, nan koulwa yo, nan sal pou nouri bebe yo, deyò a, kote radyo yo louvri, nan otobis yo, trelè yo, elatriye, ak otomobil yo, nou ta wè kisa ki pwoblèm lan. Epi chak sèvis, anpil, anpil moun ap pase nan machin yo; y ap telefòne, e latrìye, yo pa kapab ni antre ni rive ozalantou. E nou bezwen plis plas pou pèmèt moun yo chita epi pou yo konfòtab.

Epi pou m pote yon--yon Mesaj ke mwen panse ki sitèlman enpòtan anpil, mwen santi ke nou ta dwe, tout moun, chita epi konfòtab, e konsa nou ka koute; ak kreyon nou yo ak papye, ak nòt nou yo ak Bib la, e latrìye, pou pran nòt yo--yo. Men jan bagay yo ye a mwen te panse tounen sou tan ke nou genyen an, ke n ap viv ladann lan, epi eseye pote kèk nan bagay sa yo ke nou pral gen pouf è fas. Epi nou pral bezwen yo.

19 Si mwen te vin isit la jodi a, oswa nenpòt lòt jou, oswa nenpòt lòt minis, pou eseye pote yon mesaj bay yon pèp, yon pèp k ap mouri tankou nou, alòske lè a sitèlman pwòch, jan mwen kwè pou jounen jodi sa a; Mwen t ap yon ipokrit si m te eseye pote yon bagay ke mwen konnen ki t ap fè nou plezi e ki t ap kont Pawòl Bondye a, oswa yon bagay pou atire yon foul moun, oswa--oswa yon bagay konsa; Mwen--mwen pa tap... Mwen pa t ap sa mwen--mwen dwe ye isit la, yon minis Kris la. Mwen vle pote yon bagay ke mwen panse ki se yon itilite vital pou nou, pa jis pou fè wè; men avèk panse ke se yon bagay ke si mwen mouri jodi a, demen li pral ankre nan kè nou pou nou kontinye sèvi Bondye.

20 Koulye a mwen vle di ke gen yon bagay ki jis prepare pou rive. Mwen konnen sa. Anpil nan nou isit la sonje lè Frè Junior Jackson te vin bò kote m yon ti kras anvan m tale an Arizona, nan yon rèv li te fè. Yon bagay etranj! Konbyen moun ki sonje sa? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.] Epi Seyè a te ban nou entèpretasyon an, e sa te rive alalèt. Koulye a, li fenk gen yon lòt rèv, konsènan yon bagay.

21 E bagay etranj lan, se yon nonm ki te isit la lòt jou a, ki soti Oregon. Li apèn konnen m, e li te ... li te fè menm rèv la sou menm bagay la, ke Junior Jackson te reve a, e—e li te vin rakonte m li. Mwen--mwen pa konnen entèpretasyon an; Map tann Seyè a. Men mwen konnen se pral yon bagay ki soti kote Bondye. Jis sonje sa. Se ENSI DI SEYÈ A. Se yon bagay ki soti kote Bondye. Mwen pa konnen ki sa li ye. Vrèman frapan, trè frapan! Franchman, dapre rèv yo--yo ke tou de mesye yo ... Youn nan yo mwen ta ... li ta ka yon Batis, Presbiteryen. Li--li ta ka chita isit la maten an. M pa konnen. Li te isit la lòt jou a. Mwen pa konnen nonm lan.

22 Men li te rakonte rèv la avèk dlo nan je I. E sa boulvèse I. Li soti jouk nan Oregon pou l vin isit la, pou l pale de sa. Frè Jackson vini menm jan an, maten an. Yon nonm ki pa konnen lòt la; youn, dè milye de kilomèt elwaye de lòt la, e tou de rèv yo te jis egzakteman sou menm bagay la. Kifè, Sentespri a kenbe entèpretasyon an lwen mwen alò. M pa konnen kisa poum di nonm lan. Men mwen konnen Bondye ap prepare pou fè yon bagay, e li pral gloriye devan je nou.

23 Koulye a, Mesaj la maten an, mwen vle li nan Liv Galat la. Mwen p ap preche oswa jis ... Se yon lesyon lekòl Dimanch. Epi koulye a, nou menm gason yo ak fanm yo ki kanpe bò mi yo, e si yon moun vle chanje epi kite nou chita yon ti moman, oswa yon bagay konsa, bon, nou p ap deranje m; jis fè l ak respè. E si manman yo, timoun pa yo ap kriye oswa yon bagay konsa, yon moun k ap soti nan sal kote yo nouri timoun yo pou yo ka gen plas pou pitit yo.

24 E koulye a pran kreyon ou, Bib ou, epi pare pou w ekri kèk pasaj nan Lèzekriti ke nou pral li. Mwen pa vle nou santi nou mare. Mwen vle nou santi nou--mwen vle nou santi nou lib pou nou la pou n etidye. Epi ou ta ka pa dakò, ki se tout dwa w. Men m ap pale de sa sèlman nan tout peyi a maten an, pou ke moun ki kwè Mesaj Seyè Jezi te ban mwen pou lè sa a, ka konnen sa k ap pase, epi plase l nan Lekriti.

25 Dimanch pase a nou te pale de *Sila Yo Ki Wenn Nan Dènye Jou A*. E si nou, nenpòt nan nou, konn abitye tandé kasèt, asire w ke ou jwenn kasèt sa. Se pa ke nou vle vann kasèt; se pa sa lide a. Lide a se pou pwopaje Mesaj la. Ou wè? Ou wè? Si ou gen yon machin kasèt, jwenn ou ak yon gwoup moun ansanm, epi jwe li, epi tandé byen. "Sila yo ki wenn."

26 Ou tande moun ki leve epi ki di : "O, Bib la te di, 'Nan dènye jou yo, fo pwofèt yo va leve e yo va fè siy sa yo." Sa se egzakteman Lekriti. Alò ki kote sa dwe aplike? Li dwe aplike kòrèkteman.

Aswè a mwen vle pale, si Seyè a vle, sou: *Bondye Revele Nan Pwòp Pawòl Li*, pou montre ke nou pa ka aplike sou je a sa ki dwe aplike sou zòrèy la. Ou wè? Se jis tankou lè nou enprime tout Bib la nèt, e, tout Bib la nèt, se pòtrè Jezikri. Kifè mwen vle pale sou sa aswè a, si Seyè a vle. Ebyen, si non, yon lòt dat pita.

27 Koulye a nan Liv Galat la. Epi nan Liv De Korentyen 4: 1 a 6, alò Galat 1: 1 a 4, mwen ta renmen li kèk vèsè nan Lekriti. Koulye a, nan Galat 1: 1 a 4, "Pòl, yon apot," gade kote li rete a byen vit. *Apot vle di "youn ke yo voye," oswa, "yon misyonè."*

*Pòl, yon apot, (pa atravè yon moun, ni atravè lèzòm, men ... Jezikri, ak Bondye Papa a, ki te leve I soti vivan nan lanmò;)*

*Ak tout frè m yo ki avè m, a legliz Galasi yo.*

*Gras Bondye sou nou ak kè poze ki soti nan Bondye Papa nou an, ak Seyè Jezikri a,*

*Ki moun ki te bay tèt li pou peche nou yo, pou I te ka delivre nou anba move mond sa a, selon volonté Bondye ... Papa nou:*

*Se pou li tout glwa pou tout tan. Amèn.*

28 Koulye a, nan Liv De Korentyen, chapit 4 la, e nou pral li soti nan vèsè 1 a 6.

*Se poutèt sa, wè nou gen ministè sa a, menm jan nou te resewva mizerikòd, nou p ap bouke;*

*Men, nou te renonse a bagay kache sa yo k ap fèt nan malonètete, nou p ap mache nan riz, ni manyen pawòl Bondye a nan twonpri; men nan manifestasyon verite a, nou rekòmande tèt nou pou konsyans chak moun devan Bondye.*

*Men, si levanjil nou an kache, li kache pou moun ki pèdi yo:*

Si sa pa montre predestinasyon, mwen pa konnen ki sa ki fè I.

*Nan ki dye mond sa a bouche lespri moun ki pa kwè yo, pou limyè levanjil Kris la, ki se pòtre Bondye, pa klere byen bél pou yo.*

Menm jan li te ye nan jaden Edenn lan, "Mete yo deyò, pou yo pa manyen Pyebwa sa a."

*Paske nou pa preche tèt nou, men se Kris Jezi, Seyè a, ... tèt nou sèvitè ou yo poutèt Kris la .*

*Paske, Bondye, ki te bay lòd pou limyè klere nan fènwa a, te klere byen bél nan kè nou, li bay limyè konesans laglwa Bondye a nan figi Jezikri.*

29 Amèn! Kifè men sa Pawòl la di! Koulye a, sijè mwen maten an, se: *Dye Aj Move Sa*. Jan nou te li I nan Lèzekriti, "dye mond sa, aj move sa". Koulye a, Mesaj sa a montre sa ki mal nan aj move sa, epi li apwopriye ak pwofesi ki konsène aj move sa.

E se kwayans pa m ke chak ... ke Bib la gen tout repons pou chak laj, ki déjà ekri nan Bib la, pou kwayan ki nan laj sa a. Mwen kwè ke tout bagay ke nou gen bezwen ekri drèt *Isit la*, li jis bezwen Sentespri a entèprete I. Mwen pa kwè ke okenn nonm sou tè a gen dwa mete pwòp entèpretasyon I nan Pawòl la. Bondye pa bezwen pèsonn entèprete Pawòl Li. Li se Pwòp entèprèt pa L. Li te di ke Li ta fè I, epi Li fè I.

30 Kòm mwen te di plizyè fwa. Li te di : "Yon jenn fi va vin ansent," Li te pale sa a sou lèv yon pwofèt, epi li te ansent. Okenn moun pa bezwen entèprete sa. Nan kòmansman an, Li te di : "Se pou gen limyè," e te gen limyè. Okenn moun pa bezwen entèprete Li. Li te di : "Nan dènye jou yo, Li ta vide Lespri Li sou tout chè," e Li te fè sa. Li pa bezwen okenn moun entèprete L. Li te di : "Nan dènye jou yo, bagay sa yo" (ke nou wè k ap pase kounye a) "ta dwe isit la." Li pa bezwen okenn entèpretasyon. Li déjà entèprete. Ou wè?

31 Bon, remake byen kounya pandan nap etidye Pawòl la. *Dye Aj Move Sa*, ke n ap viv ladann kounye a. Sa ka sanble etranj, yon bagay trè etranj, nan laj gras sa, alòske, "Bondye ap chwazi yon pèp pou pote Non L," se Lepouz Li, nan laj move sa ki ta dwe rele laj lemali. Laj menm kote "Bondye ap rele yon pèp pou pote Non L," pa lagras, a soti, epi yo rele I yon aj move.

Kounye a, nou pral pwouve pa Bib la ke se de laj sa ke Li t ap pale a. Se yon bagay trè etranj pou panse, ke nan yon laj move tankou sa a, ke Bondye alò ta rele Lepouz Li.

32 Ou remake, Li di : "yon pèp," pa "yon legliz." Poukisa? Poutan, Li rele Legliz la, men Li ta rele "yon pèp." Bon, yon legliz se yon rasanbleman de anpil moun ki gen tout kalite karaktè diferan. Men Bondye ap rele youn bò isit la ... Li pa t di : "Mwen pral rele Metodis la, Batis, Pannkotis." Li te di ke li ta rele yon pèp. Poukisa? Pou pote Non Li. Ou wè, yon pèp; youn ki soti nan Metodis, youn ki soti nan Batis, youn ki soti nan Literyen, youn ki soti nan Katolik. Ou wè?

Men L ap rele, pa yon gwoup ki kole ak yon legliz, men "yon pèp pou pote Non Li," ki resevwa Non Li, ki fiyanse nan Non Li, ki pral nan yon maryaj pou marye avèk Li, pou vin yon pati de Li, ou wè, pa yon predestinasyon. Menm jan tankou yon nonm ki chwazi yon bon madanm nan lavi, ki te òdone pou li fè pati de kò li. Kifè, se sa, Lepouz Kris la pral ye, e se kounye a, depi nan tan lontan, Bondye te òdone li pou li yon pati de Kò sa a. Ou wè? O, Lèzekriti sitèlman rich, chaje ak siwo myèl!

33 Remake, pa sa yon moun te di, sa yon moun te rele; men sa Bondye te chwazi anvan fondasyon mond lan, epi L ap rele moun sa yo nan dènye jou yo; pa yon òganizasyon. "Yon pèp pou pote Non Li." E se nan laj move sa L ap fè I, egzakteman nan laj sediksyon sa.

34 Semèn pase, nan Matye 24, se te laj ki pi tronpè nan tout laj yo. Tout laj trompri yo, depi nan jaden Edèn lan, kontinye ale, pa janm gen yon laj osi tronpè menm jan ak laj sa. "Fo profèt yo ap leve epi montre siy ak mèvèy, si l posib pou tronpe menm vrè Eli a." Wè? Bon, jis yon pakèt legliz frèt, fòmèl, sèk, elatriye, ak tewoloji fabrike pa lòm, ki pa tap; Eli a pa p janm prete atansyon a sa. Men li anwo a prèske menm jan ak vrè bagay la. Jis kite deyò yon sèl Pawòl se jis sa w gen pou fè. Promès pou laj la; vrèman yon tan grandyoz! Kretyen yo, tout kote, fè atansyon a lè ke na p viv la! Make, e li, e tandé ak atansyon.

35 Poukisa Bondye ta rele yon pèp soti nan laj move sa, pou Non li? Rezon an, se pou I ka eprouve L, Epouz li a. Se pou...Lè Li te manifeste, li te eseye , li te eprouve pa Satan. Jan sa te ye nan kòmansaman, konsa sa va ye nan lafen an.

36 Menm jan yon semans kòmanse nan tè a, li monte soti nan sipò yo, lavi ki nan li a, men li fini tankou menm semans li te ye lè li te soti nan sòl la.

Nan menm fason sa semans tronpè sa tonbe nan sòl la, nan Edenn, se menm jan li fini nan dènye jou yo.

Menm jan ke Levanjil la te ye lè li te tonbe nan yon     denomination a Nise, Ròm, li pa rive, li fini nan yon gro òganizasyon.

Jis men jan Semans Legliz la te tonbe laba a, avèk siy yo, Rome, mèvèy yo, ak Kris vivan nan mitan yo, li tèmine nan dènye jou yo sou ministè Malachi 4, epi l restore tounen nan Lafwa oriijnèl ki te bay otrefwa.

37 Nou trouve kounye a, laj move sa, se pou prouve, Satan, Li pa menm jan ak Èv, ke li pa menm kategori fi sa. E Li pral eprouve pa Pawòl Li, Epouz la, menm jan epouz Adan an te eprouve pa Pawòl la. Epi epouz Adan an te kwè chak grenn Pawòl la, tout, men li te konfond sou yon pwomès, ki se, "Li se menm yè, jodi a e pou tout tan," jodi a, wè; men l fayi sou yon pwomès, anba tantasyon enmi an fas a fas. E kounye a, pèp ki te aple pa Non li an, evidaman, se Epouz li. Li va rantre an kontak ankò ak menm bagay la; pa jis pa verite deminasyonèl, men chak Pawòl!

38 Paske, nan kòmansman Bib la, lòm te resevwa Pawòl Bondye a pou l viv pa li menm. Yon pawòl, malentèprete pa yon-yon nonm ki rele Satan, atravè yon animal ki rele sèpan. Satan, nan pèsonaj sa, te kab pale ak Èv, e malentèprete Pawòl la ba li, e li te pèdi. Ou wè, Li dwe chak Pawòl.

39 Nan mitan Bib la, Jezi vini e li te di, " Lòm pa p viv de pen sèlman men de chak Pawòl , " lè Li te tante pa Satan. Kounye a, Bondye di ou isit la nan dènye jou yo, ke, " Dye mond sa pral leve kanpe nan dènye jou yo."

" E kikonk va ajoute yon Pawòl sou Li, oubyen retire yon Pawòl de Li, pati pa l la va retire nan Liv Lavi a."

Bondye gen mizerikòd pou nou! E pa kite nou mache tankou tòs redi, lestomak bonbe, tèt anfle, konesè, paske nou menm tou pandan yon tan te nan dezobeyisans. Kite nou ak gras, ak mizerikòd, ak santiman nan kè nou anvè Bondye, avèk imilite vini bò Twòn lagras la.

40 Li etranj kounye a, aprè kèlke diznèf san lane predikasyon Levanjil, e kounye a li, ki se sistèm mond lan, bokou plis move ke nan tan kote ke, lè Li te isit la. Sistèm mond lan pi move. Mond lan ap avanse vè yon pwen kilminan. Ou konn sa. Senyè a ap akonpli Pawòl Li tout kote.

41 Yè, pandan m kanpe...mwen espere ke ti kamarad lan pa...Li pa p fè sa. Mwen te vini ak madanm mwen, epi Madan Wood, Frè Roy Roberson, nan zòn isit la, Frè Wood, nou te kanpe

bò isit la nan ti sant dacha Youngstown sa, pou ramase yon-yon pakè ke Sè Wood te genyen. E sou...pandan ke nou te kanpe laba a, yon jèn kamarad mache vini e li prezante l, e li se yon etranje pou mwen. Yon lòt jèn gason mache vini e li te di ke yo soti Alabama, Djòr-...mwen kwè se Djòrjia , paske m mande yo si yo te konnen frè nou an Frè Welch Evans. Epi nou pale pou kèk minit. E lè mwen te vle pati, jèn gason sa gade m. Menm jan ak lòt jèn kamarad la ak ti pitit gason li a deplase, jèn gason an te gade m. Li te di, "Jis yon bagay mwen vle di."

Mwen te di, "Èske w-ou se yon kwayan? Èske w se yon kretyen?"

Te di, "Non , Mesye." Te di, "M te..."

42 Petèt ke mwen jis pa byen rapòte pawòl li te di yo isit la, men petèt ke l te yon ti kras septik. Mwen te kesyone l sou bagay sa yo de aparisyon Zanj Senyè a. E li te di ke l te tande pale de sa, men li pa janm janm ale legliz avan, legliz sa. M te di, "Ou kwè L?

Di, "Wi, mesye." Li te di , "Mwen-mwen t ap gade obsève yon bagay." Di, "Moun ap pale de prediksyon sa yo ak bagay sa yo, e mwen tande, e mwen te tande sou yon band ke w predikijan kalifòni ap efondre konsa." Answit te di, "Lè mwen wè sa nan jounal , alò mwen te kwè l." Li te di, "M ap vini jodi a oubyen demen," se jodi a, "Pou la premyè fwa."

Mwen te di, " Senyè a beni w, pitit mwen," e kòmanse ba l lanmen,

Li te di, "Men mwen vle di w yon bagay, mesye." Li te di, "Mwen osi pèdi ke l, posib pou pèdi." Li te di, "Mwen tankou yon pyès lajan nan mitan yon pil sab, pèdi!"

43 Mwen te di, " Men w pa oblige rete menm jan. Gen yon moun ki kanpe prezant kounye a Ki kapab retrouve w nan menm minit ke w prè pou w lese L jwenn ou."

Li te di, "Mwen prè."

Mwen te di, "Èske w kab bese tèt ou?"

Li te di, "Mwen pa wont."

Non sèlman sa, men li mete ajenou, laba sou tèren paking nan, devan tout moun. Moun nan lari yo t ap gade l. La nou priye pou li, jiskaske l bay Bondye kè l. Li leve, yon pechè; li ale, yon pitit Bondye. Li avanse bò kote machin nan, mouri; e li ale vivan.

44 Mwen te di, "Pisin nan ap ouvri demen"

Gen yon fontèn ranpli ak san

K a koule nan vèn Emayèl

Kote pechè ki plonje anba flo sa

Pèdi tout tach kilpabilite l yo

Mwen te di, "Leve epi al batize nan Non Jezi Kris, envoke Non Senyè a. Bondye va ranpli w avèk Sentespri a, e ba w bagay gran sa yo, e pèmèt ke w kapab wè L."

45 Kisa sa ye? Mond lan ap dirije l vè yon pwen kilminan. Poukisa? Espri ki san lwa, dekadans moral, relijon syantifik, Kondwi l kote, "kaj ki gen tout zwazo enpi e detestab yo," jan Bib la di a. Ann li I, Revelasyon 18. Jis pandan ke nou pral kòmanse pwen sa, nou jwenn Revelasyon 8 :1 a 5. Mwen kwè ke m te byen make l .

*E aprè bagay sa yo Mwen wè yon lòt zanj desann soti nan Syèl la, avèk anpil pwisans; e tè a te ilimine ak glwa li.*

*E li kriye pwisaman ak yon vwa fò, (kounye ou menm ki te fè rèv sa yo)...li di, Babylòn la grand ap tonbe, l ap tonbe, e li devni yon habitasyon pou demon yo, e demè tout espri movè yo,...yon kaj rampli ak zwazo enpi e detestab.*

*Paske tout nasyon yo te bwè nan diven kòlè (Legliz) fònikasyon, e machann sou tè sa te enrich yo ak abondans goumandiz li yo.*

*E mwen tande yon lòt vwa soti nan Syèl la, k ap di, soti nan mitan l, pèp mwen, ke w pa pran pati avèk peche l yo,...ke w pa resevwa flewo l yo.*

*Paske peche l yo monte jis nan Syèl la, e Bondye sonje inikite l yo.*

46 Gade yon avètisman! Sa voye legliz egzakteman tounen nan Revelasyon 3 :14, a laj Lawodise a, san lwa; vrè relijye, men san lwa. "Oumenm, paske w di ke, 'Nou rich, nou pa bezwen anyen.' Ou pa konn ke w toutouni, mizerab, avèg, e w pa konn sa." Pafètman an akò avèk Ekriti pou laj sa, pa pou Ekriti sou laj Danyèl la, pa pou sa ki nan non...laj Noye a, men nan dènye, move laj sa.

47 Remake isit la, "Ou toutouni." Kite sa plonje vrèman byen. Mwen konnen m ka jwenn anpil dezakò sou panse sa, men l rive yon plas ke yon Kretyen kab difilman kite kay li e pa trouve l an prezans laj move sa, akoz fi ki pa abiye yo sifizaman.

48 Fi yo, m pral di sa, e m vle pou w koute. Epi, gason ak fi, ou petèt pa dakò avèk sa, men mwen santi m kondwi pou m di l. Eskè w te konnen, nenpòt ki fi ki dezabiye l konsa pa gen bon sans li? Èske w konnen, li se, ke l kwè sa ou pa, oubyen pa panse sa, li se yon prostitye? Menm si fi a kab kanpe avèk men l leve bay Bondye e jire ke l pa janm touche pa okenn lòt

gason ke mari l, e se kab onètman laverite, men l rete yon prostitye. Jezi te di, "Kikonk gade yon fi ak konvwatiz pou li deja komèt adiltè avèk li." E fi a kab...

49 Ou wè, li "toutouni," Bib la te di, "e l pa konn sa." Lespri ki wenn li pou fè bagay sa yo se yon lespri move, prostitiye. Aparans eksteryè li, kò fizik li, li kab pwòp. Li kab pa janm komèt adiltè, e kab jire Bondye e di laverite, ke l pa janm, men lespri l se yon lespri prostitiye. Li si tèlman avegle pa dye mond alamòd sa; li abiye l sexi epi l soti deyò.

50 Lòt jou a, Frè Wood epi mwen menm t ap mete bato nou an nan rivyè a. M te kite kay la pou kèlke minit, pou m ale nan rivyè a. E kèlkeswa kote w ale, fi yo ak yon pakèt ti kal...rele kini oubyen yon bagay konsa, vlope sou yo. Sa se yon disgras. Yon fi pa kab nan bon sans li epi mete yon bagay konsa. Li posede pa yon lespri prostitiye. Kounye a, ou regle sa ak Bondye, medam, paske w ap dekouvri yon jou ke se Laverite.

51 Kòman w kab, yon dam, konnen kijan ke kò w sakre, epi ekspoze l deyò a bay pakèt demon konvwatiz, pechè sa yo k ap mache nan lari a nan épòk sa? Si pitit Bondye yo te toujou rete pitit Bondye, mari w te yon pitit Bondye, li t ap swa fè e mete rad sou ou oubyen kite w. Si yon gason te yon pitit Bondye , li pa t ap janm marye yon bagay konsa. Ou wè?

Ou di, "Ou' W ap fè-..." Non.

M ap di w Laverite , e yon jou w ap rankontre L. "Toutouni; adiltè ; pa konn sa."

52 "O, Mwen jire ke m pa janm trayi ve m yo anvè mari m." Mari w pral jije w pou sa si w te fè sa. Men Bondye pral jije w pa ki jan de lespri w genyen nan ou; pa p jije w pa kò w, men pa lespri w, lòm enteryè a.

53 Lòm eksteryè a se yon kreyati fizik ki kontrole pa sis sans...oubyen senk, pito. Lòm enteryè a tou kontrole pa senk sans; konsyans, e lanmou, elatriye. Lòm eksteryè a, ou wè, gou, touche, odora, koute.

Men andedan lespri sa se yon nam , e li kontrole pa yon bagay, volonte w. Ou kab aksepte sa dyab la di oubyen sa Bondye di. E sa pral detèmine ki lespri ki andedan an. Si se Lespri Bondye, L ap nourì l de bagay Bondye, e li pa p nourì l de mond lan. Jezi te di, "Si w renmen mond lan oubyen bagay nan mond lan, se paske lanmou Bondye pa menm antre nan pati andedan sa." Satan te sedwi w. " E lòm pa p viv de pen sèlman, men pa chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye."

Remake kounye a, nou trouve ke li "toutouni," obsèn e toutouni.

54 Epi mond lan sanble li nan pi move laj ki pat janm genyen. Jamè nan okenn lòt laj fi yo te aji konsa, jamè eksepte jis avan destriksyon mond avan delij la, E jezi refere a li menm. N ap rive ladan I apre yon bout tan.

55 Èske Bondye pèdi kontrol , oubyen eskè Li jis pèmèt yon lòt ajans pou kontrole? Mwen késyone m. Veritab repons kesyon sa se, nan opinyon pa m, gen de lespri opoze nan mond la jodi a, k ap travay. Kounye a, pa kab gen plis ke de , de tèt. E youn ladan yo se Sentespri k ap travay; lòt la se lespri dyab la, e, nan denyè jou yo, nan tronpri.

Kounye a m pral baze panse m yo dirèk isit la pou rès sijè a, pou rès...Mesaj nou an.

56 De lespri yo. Youn ladan yo, Sentespri Bondye a; lòt la , lespri dyab, k ap travay nan tronpri. Moun yo sou tè ap pran desizyon yo kounye a.

Sentespri a isit la ap rele yon Epouz pou kris. L ap fè sa pou konfime Pawòl pwomès Li a ba li, pou laj sa, an montran ke L se Kris.

Si dwèt la sipoze deplase nan laj sa, dwèt la pral deplase. Si pye a sipoze deplase nan laj sa, pye a pral deplase. Si zye a sipoze wè nan laj sa, zye a pral wè. Ou wè?

Lespri Bondye, pandan L ap grandi jouk nan estati de Bondye, se laj kote n ap viv la. Sentespri a isit la pou konfime Mesaj la pou lè a. E Sentespri a ap fè sa, afen ke moun yo ki kwè Bondye pral aple pou soti nan kawo sa.

Lespri enpi dyab la isit la ap rele yon legliz pa yon erè, kòm dabitid, pa pèvèsyon de Pawòl Bondye a, tankou I te fè I nan kòmansman. Wè I tounen dirèk nan tan semans la ankò, depi Eden? Men li isit la ankò.

57 Kounye a, retounen lwen laba, ou apateni-...lòt laj yo, ou apateni a denominasyon yo, ou apateni a sesi, sela oubyen yon lòt. Kisa ki rive tij la? Li seche. Lespri a kontinye ale epi vini, e L ap deplase nan semans lan. Ou wè?

58 E tantasyon an, toulède, deplase tounen nan menm direksyon I te ye nan kòmansman an. Remake. Pa--pa, non, pa bliye sa kounye a.

Tankou Jan, Jan Premye 4:5 e 6, si w vle ekri sa, li rele I, "Lespri erè a."

Èv pa t janm senpleman mache soti, entansyonèlman, di, "Mwen pa kwè nan Bondye."Non. Se te yon erè li te kwè.

59 Satan pa t janm soti e di, “ O, ebyen, sa se pa menm Pawòl Bondye.”Li admèt ke Li te Pawòl Bondye, men li ajoute pwòp entèpretasyon ladan L. Sa ke, Bondye manifèsteman te di yo pa fè sa.

Kisa sa fè? “ Li fabrike yon ilizyon ki fò, pou moun yo kwè yon mansonj, e kab kondane pa li menm.”Kounye a si w vle li sa, De Tesalonisyen 2:11.

60 Tankou m gen environ, plizyè Ekriti isit la, e nou pa p kab li tout. Jis youn isi e la, m ap pataje yo avè w. Kòm sa parèt etranj, ke w kesyone l oubyen kèlkeswa, epi n ap poze l e li pou-pou byen w.

61 “Fabrike yon ilizyon ki fò,” Jan Bib la te di l ap fèt , De Tesalonisyen. “ Kounye a, lòm peche sa vini a legzitzans, e l plase nan tanp Bondye a, prezante tèt li antanke Dye, e koze moun yo tonbe nan pakèt ilizyon ki fò, pou kwè yon mansonj; e kwè l pral kondane pa li menm.”

Sa se menm bagay li te fè Èv. Ba li...Jamè--jamè di l ke Pawòl la pa t kòrèk, men ba li yon ilizyon ki fò, pou ke l kwè yon mansonj.

62 Lespri ilizyon sa soti nan dyab la. “ Dyab yo ap travay nan timoun dezobeyisan yo.”Dezobeyisan a kisa? Kisa timoun tan sa dezobeyi a? Tankou Èv te fè, nan kòmansman, Veritab Pawòl bondye a. Se vrè. Kounye a si w ta renmen konprann sa...

Ann vire nan, Efezyen 2, jis yon minit, paske l sanble bon ke n...M ap rete jis yon minit, si w prese anpil, e li yon ti pati. Efezyen 2 :1 a 2.

*E ou menm ke L te vivifye, ki te mouri otrefwa nan vyolasyon ak peche :*

*Kote nan tan yo ki pase w te mache selon tandans mond lan, selon prens pwisans ki nan lè a, lespri ki kounye a ap travay nan zanfan dezobeyisans yo :*

63 “Zanfan dezobeyisans yo.”E si antikris la, kòmanse la nan anfan dezobeisans la, kisa l pral ye lè l avanse nan pèsòn antikris la? Nan ki pwen l ap tronpè! Konbyen plis pwisan ak tronpri yon-yon granmoun kab pote nan mond lan, ke yon timoun! E li te di, “Lespri de-de ilizyon an ap travay nan zanfan dezobeyisan yo,” Dezobeyisan a Pawòl la. Remake. “Zanfan dezobeyisan yo,” Yon anfan.

64 Èske w te konnen, ou menm, nan kòmansman w, M ka prouve pa Pawòl Bondye ke ou menm, nenpòt moun isit la, t ap viv nan gran-granpapa w. E gran-granpapaw, ou te pwodwi nan granpapa w, answit nan papa w, answit nan ou. Ou konn sa?

Bib la te di, mwen kwè se nan Ebre 7, ke, Mèlkisedèk, lè Abraam retounen sot nan masak rwa yo, “Abraam te peye Mèlkisedèk dim sou tout biten gè yo.” E isit la se Pòl ki di kounye a,

ke, "Levi, ki te resevwa dim yo, te ankò...Li te peye dim yo, alòs ke I te ankò nan ren Abraam lè I te rankontre Mèlkisedèk." Donk kèlkeswa sa Abraam te fè, aprè nou dekovri ke Levi te nan Abraam, ki te granpapa I. Abraam anjandre Izaak; Izaak anjandre Jakòb; Jakòb anjandre patriarch yo, Levi.

Bon, alò, ou wè, sa montre sou yon vizyon pafè, predestinansyon.

65 Kounye a, nan Mesaj sa yo, M vle pou-pou-pou met anfaz sou bagay yo ke m te di w nan Mesaj la, de Limyè diswa sa ke Bondye te di ta pral vini sou tè a.

66 E remake, alò, "Bèt la ki te sipoze vini sou tè a, ta pral sedwi tout sa ke non yo pa ekri nan Liv Lavi anyo a, ki mouri avan fondasyon mond lan."

67 Nan pwòp panse Bondye; Bondye, Gran Lespri a. Nan kòmansman, avan ke te gen yon kòmansman, Li te Bondye, e èske w konnen w te nan Li alò? Si w se yon Kretyen kounye a, ou te nan Li alò.

E answit, si sa se vre, plenitid divinite Bondye a enkane kòporèlman nan Pèsòn Jezi Kris. E alò lè Jezi te mouri sou kwa, mwen te mouri avè L, paske m te nan Li alò; paske L te plenitid Pawòl la, manifeste, konesan ke nou ta pral manifeste aprè. E nou te sou Kalvè a avèk Li. Nou te ale nan tonb lan avèk Li. E nou te leve avèk Li nan rezireksyon L. E kounye a nou te monte, pa Lespri L, jouk nan Tron lagras , chita ansanm nan Lye Selès yo nan Jezi Kris. Toujou!

68 Paske tankou jèm lavi natirèl la desann nan tè, jèmen de papa an papa, an papa, an papa, konsa Lavi Kris la jèmen.

Sa se rezon Bondye itilize lespri Eli senk fwa diferan. Kisa li ye? Se transmisyon an.

69 Jis menm jan lavi natirèl ou a ak trè w yo pase de reprodiksyon papa w, se menm jan Lespri Bondye a, ki te predestine avan fondasyon mond lan.

E lè plenitid Pawòl Bondye a, o konplè, te fòme nan yon kò imen rele Jezi Kris, ladan Bondye fè m peye pou peche m yo, nan Li laba a. Answit li soulve m, leve m ak Li, nan rezireksyon an. E kounye a nou chita ak Li, ak pwisans epi otorite sou tout demon. O, si w kab sèlman kwè sa Bondye te bay ! Men si w pa chita laba , ou pa genyen I. E si w chita laba a, e w pa kwè I, e w pè avanse, ou pa p janm itilize I. Men si w chita laba a, ou pral itilize I, paske w òdone pou fè sa w fè.

70 "Farawon," sou lòt bò a, "te leve pou objektif sa," Bib la te di, pou devni Farawon. "Jida iskaryòt te leve pou I te fis pèdisyon an."

Kounye a remake gran Verite sa yo ke n ap pwoche.

71 Kounye anou wè ke legliz la refize aksepte Pawòl Bondye a pou dirije yo, e aksepte Barabas pito. Bon, si w vle Ekriti a sou sa, se Matye 27 :15 a 23. Kisa sa te fè? Ki pozisyon sa te fè? Kounye a panse a sa. Lè legliz mond la, nan lavi òganize de dwati li a, lòm sen, jan yo te panse yo te ye a, e kote nan zye pèp la, yo krisifye Jezi, e te di, "Nou pa pral kite Nonm sa dirije nou." E Jezi te plenitid Pawòl Bondye a. Jan Premye, eksprime I. E yo te di "Nou pa pral kite Pawòl Bondye sa pou dirije nou." Poutan, Li te Pawòl la, men zye yo te avegle a sa L te ye a. Paske Li te repons dirèk de chak pwofesi ki te dwe akonpli atravè Li.

Bon, nou tout kwè sa, paske n ap gade dèyè pou wè sa rive. Men si mond lan ta, ki se kounye a laj move preznan sa, ta tounen laba nan epòk sa, yo t ap fè menm bagay y ap fè jodi a, paske se ankò menm Pawòl la, pou laj sa, k ap manifeste. Li pral fè I. Yo pa kab fè anyen dot. "Yo se zanfan dezobeyisans yo." "Te resevwa yon ilizyon fò, pou kwè yon mansonj, e kondane pa li menm."

72 Remake kilè legliz mond lan pap aksepte Jezi, Pawòl la, manifeste pou jou sa, (pou kisa?) poutèt yo te genyen L entèprete yon lòt jan. Men yo te dwe konnen ke Li te Pawòl sa, paske tout sa Bondye te di Li t ap fè, Li te fè I. E Li te di yo, "Sonde Lèzekriti pou tan sa; si M pa rankontre kalifikasyon ki te pale de sa M dwe fè, alò piga nou kwè M."

Yo te reponn, "Nou kwè Moyiz."

73 Li te di, "Si nou te kwè Moyiz, nou t ap kwè Mwen, paske Moyiz te pale de Mwen." E malgre sa yo pa t wè I. Menm Bondye Syèl la t ap mouri sou kwa, pou ap di menm pawòl pwofèt la te di Li ta pral di a, e malgre sa yo pa t wè I. Ou wè?

Yo pa t menm espès avèk Li. Yo pa t Pawòl la, yo pa t Pawòl la; e poutan, yo menm, yo te-te très religie. Men yo pa t Pawòl la, paske Li--Li t ap rekonèt plas Li pou moman sa.

74 Remake jan sa bèl kouman Lèzekriti makonnen yo tout ansanm nan chak aj. Remake kounye a.

Lè legliz mond lan pa t vle Pawòl Bondye a domine sou yo, yo te aksepte yon asasen, Barabas. Kisa sa te fè? Sa te egzalte Satan, dye aj move sa, nan pozisyon ke I te toujou vle a.

Kounye a tandé. Paske, yo pa t pale de Satan antan ke dye nan okenn lòt aj ke nan aj sa. Yo pa t pale de li kòm dye nan aj Noye a. Yo pa t pale de li-de li kòm dye nan aj Moyiz la, dye nan aj Eli a. Men, aj move sa, li se...O, piga w manke sa! Li se dye aj move sa, dè milyon

e dè milya moun ap adore I san yo pa konn sa. Men annou kite Lèzekriti devwale I maten an, e annou wè, lè sa ou va konnen. Kite Lèzekriti...

75 Tankou nan reyinyon disènman yo, kan Sentespri a antre nan Pawòl Li epi rele nonm sa pou di, "Ou pa gen dwa ap viv avèk lòt fanm sa. Poukisa w te fè sa, sa fè dizan, lè w te pati ak madanm nonm sa?" Kisa L t ap fè la? Dewwale I, ekspoze Satan, ki te lye nonm lan, oswa fanm lan ki t ap viv avèk mari yon lòt madanm, oswa peche yo te fè, bagay yo te fè. Kisa I ap fè? Ekspoze I.

76 Doktè yo pran aparèy pou ap eseye jwenn sa k pa va. Yo paka fè sa. Nou paka di sa. Alèkile Sentespri a prezante L e L revele kimoun li ye, e Li ekspoze I. Ou wè? Se sa ke Pawòl Bondye a ye. Se yon Limyè k ap briye nan tenèb.

Kan w tande yon bwi nan chanm lan, sa sonnen misterye; yon bann bagay k ap mache, e ou pa konn kisa sa ye. Limen limyè a, rapidman...krikèt, ravèt, yo se--yo se pitit tenèb. E kan limyè a djayi, yo kouri lwen.

"Yo soti kite nou paske yo pa t fè pati de nou," Bib la di sa. Ou wè? Yo paka ap viv nan Limyè pou mond lan...Paske, Bondye Syèl la te voye Limyè Li nan dènye jou yo, pou L te ka klere santye timoun Li yo, pou yo pa t ap mache nan tenèb ap bite, men pou yo ka mache nan Limyè briyan Jezikri, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Amèn!

77 Remake, yo pa t rele Satan dye nan okenn lòt aj ke aj sa. Se te anbisyon li pou I te vin Bondye, depi menm nan kòmansman an.

Annou li sa. N ap jis pran san nou. Ann tounen nan...Ou wè, m genyen I ekri la, Ezayi 14. Annou retounen la nan Ezayi 14, jis yon minit, pou wè sa Bondye te di. "Dye sa," sa Satan te fè. Ezayi 14:12 a 14. Remake.

*Manyè di nou non, ou menm*

*Ki te klere tankou zetwal bajou a,*

*Kijan ou fè tonbe sot nan syèl la?*

*Ou menm ki te konn mache*

*Ap kraze nasyon yo anba pye ou,*

*kijan yo fè jete ou plat atè konsa?*

*Ou t ap di nan kè ou: M ap moute rive jouk nan syèl*

*la. Mwen pral mete fòtèy mwen pi wo pase zetwal Bondye yo (pitit Bondye yo, kounye a): e mwen pral chita tankou yon wa nan nò sou tèt mòn Randevou a.*

78 Se te anbisyon Satan pou yo te adore I tankou Bondye. Li te pran de tyè, de tyè zetwal Syèl la. Li te elve I limenm pi wo pase zetwal sa yo, pou I t ap preche yo, epi sedwi de tyè ladan yo. Ou sezi sa? Dakò. Remake, sa se anbisyon pa I.

Kounye a li prè, avèk epouz enstwi pa I ke I te byen seleksyon ak konesans li, ou wè, tout makiye nan sediksyon li, gwo biling ak gwo denominasyon, ak penti konesans ak teyoloji, avèk entèlektyèl entèlijan, enstwi, pou ap sedwi lemond antye, pou te vin yon "dye." Se sa I te fè. Tout ap abouti nan moun antikris sa, ke yo deja kouwone "vikè Bondye a," gras ak lanmou monden li a, yon epouz syantifik, abiye nèt an grann ponp entèlektyèl, ak edikasyon reliye. Li te vin reliye tankou I, e gras ak pwòp entèpretasyon pa I de Pawòl Bondye a tankou I te fè I pou Èv, menm jan pitit li Kayen te fè.

Bon ou va di, "pitit Satan?"

79 Montre m yon sèl kote nan Bib la ke yo te jamn rele Kayen pitit Adan. Bib la di li te "pitit malen an," semans sèpan an. Non, kouvèti a te soulve kounye a, frè. Piramid lan te louvri, jan revelasyon an te montre a.

80 Remake kisa I pral fè, se panse pa I. Li te panse ke Bondye te rete nan bote monden. Li te fè sa nan Syèl la. Peche pa t janm kòmanse nan jaden Edenn; sa te kòmanse nan Syèl, kan Lisifè, pitit gramm maten an, te elve tèt li nan bote, e ke I te vle yon wayòm pi bèl ke pa Mikayèl la. E li te panse ke Bondye te rete nan sa ki bèl.

81 E remake Kayen. Li pa t vle okenn sakrifis ak san. Li te vini pou ofri fwi, oswa--oswa bote fwi chan sou lotèl li a. Trè reliye, te fè tout bagay, tankou, jis egzkteman jan Abèl te fè; li te ofri yon sakrifis, li te koube devan Bondye nan adorasyon, obeyisan nan tout fason, men san revelasyon Pawòl la.

E Pawòl la, depi nan kòmansman, se te plan Bondye. Men Bondye, pa revelasyon, te revele bagay menm ke Li te konfime epi souliye ke se te vre. Pa reliyon, pa yon lotèl, pa fè pati de legliz, pa ap fè sakrifis, pa vin sensè; men pa revelasyon Pawòl Bondye a. Bondye t ap revele I kisa sa...

Manman I pa t pran yon pòm ke yon koulèv te ba li, men li te annafè seksyèl avèk pèsonaj Satan an, nan fòm bét la; pa yon reptil, men sa ki te pi entèlijan, ki te pi rize nan tout chan an, imaj lòm, sèl bagay ke semans yo te ka melanje antre. Bon lasyans ap eseye jwenn li. Yo pap janm jwenn li, paske chak zo nan kò I te chanje. Men Bib la deklare ke se konsa.

82 Remake kisa bonòm sa va fè kounye a. Bonòm sa, "Li va chita nan tanp Bondye a," ki se legliz, "ap revele limenm ke I se Bondye." Bon si w vle li sa, se 2 Tesalonisyen 2:3 a 4, epi Apokalips 13:4, 11 e 12; kote yo pale, toude pwofèt yo, Jan ak Pòl, de sa li ta pral ye nan dènye jou yo. Bon li li, paske m te ekri I la. Men mwen...pou sove tan kounye a.

83 Jou n ap viv ladann lan rele, nan Bib la, "jou pa lòm," jou lòm. Sa a se pa jou pa Bondye. Bondye pa dye tè sa a; Bib la di Li pa sa. Li se Bondye nan Syèl la. Men sa a se pa jou pa Bondye a.

Sa a se jou pou chwazi. Swa, w ap viv pou jodi a, epi mouri; chwazi Bondye, epi viv. E Bondye se Pawòl la, e Pawòl la se Pawòl ki manifeste pou tan an ak jou a.

84 Remake, "jou pa lòm." Si w vle note sa, m te sou pwen li li. Men 1 Korentyen 5:1-5...1 Korentyen 4:1-5, ekskize m, 1 Korentyen 4:1-5, se Pòl k ap pale de jijman lòm, nan jou lòm.

85 Ou va di, "Jou sa, poukisa w rele I jou lòm?" Se jou kote zèv pa konesans lòm ap glorifye.

Gade, tout gonfle lestomak kominis yo, moun k ap eseye voye moun sou lalin. Bondye Li menm ap eseye fè moun al nan Syèl. Ou wè? Men gade kijan y ap depanse dè milyon e dè milya ak trilyon dola, nan jefò gaspiye. Lè yo va rive la, yo pap jwenn anyen. Se kisa pwoblèm yo ye?

M pa fè ka de lalin. M vle depase lalin lan si tèlman vit ke m pap menm wè l; jis kontinye ap monte pi wo. M vle pase Vwa Lakte A, ap kontinye, jis ap kontinye. Wi!

86 E mond lan jodi a konsakre tèt yo a konesans ki vin de Satan. E jou pa lòm lan ap glorifye, pa avèk Pawòl Bondye a, men avèk konesans li genyen.

Kounye a panse. Kite sa byen rantre. E kan w va rejwe bann sa, sou pwen sa la, stope pou yon ti tan epi panse.

Zèv li yo egzalte pi wo pase Pawòl Bondye ak zèv ki manifeste yo; sajès Satan, ke I te bay Èv nan kòmansman an. Kounye a koute; piga w manke sa. Sajès Satan egzalte jouk nan twòn adorasyon, ki nan lòm, pi wo pase Pawòl konfime Bondye pou tan an. Legliz nou yo pwouve sa pa--pa seminè pa yo, lekòl aprantisaj pa yo, ki aprann plis ke Pawòl Bondye a konnen sou Sa, se sa yo panse. Epi la, Doktè Entèl-entèl, ak Anseyan Entèl-entèl, ak Pwofesè Entèl-entèl ki te tèlman egzalte pwòp konesans pa yo, swadizan verite (ki vin de Satan), pi wo pwomès konfime Bondye a, ki te rann sa klè dwat devan yo. E lòm tonbe pou sa. Ou wè?

87 Akonplisman syantifik li yo, pou ap eseye pwouve ke Pawòl Bondye a fo. Jis panse a sa. Li menm, ki se, teyoloji lòm, ap eksplike Pawòl Bondye a bay moun, pou rann Li san efè ankò, tankou I te fè I nan aj denominasyonèl yo kan Jezi te parèt sou tè a. Jezi te di, "Nou menm ipokrit! Nou menm, pa tradisyon nou," sa se entèpretasyon yo, "te pran Pawòl Bondye pou rann Li san efè pou moun yo." E se menm bagay la yo fè jodi a. Li pa gen efè a.

88 Remake, "Yo menm, moun yo, "egzalte I pi wo tout sa ke w rele Bondye." Èske 2 Tesalonisyen pa t di yo t ap fè sa? Epi otorite yon legliz denominasyonèl, moun yo ki kwè denominasyon sa plis ke yo kwè Bondye. E Bondye se Pawòl la. Yo va kwè credo denominasyon pa yo pase Pawòl la, se sa ki "egzalte I pi wo tout sa ke w rele Bondye." E gen yon sèl Bondye, e se Pawòl la.

"Tout sa ke w rele Bondye; kifè li menm antan ke Bondye tabli nan legliz Bondye a, pou ap pwouve ke li se Bondye," paske li te reyisi fè moun yo ap adore I. Bondye se Pawòl la. E I ap egzalte tèt li pi wo tout sa ke w rele Bondye. E gen yon sèl bondye, e Bondye sa se Pawòl la. Ou wè? "E tout sa ke w rele Bondye," se dye aj sa ki egzalte tèt pa I pi wo verite a, Pawòl Bondye ki konfime a. Sa se Sen Jan 1. Ou wè? "Pi wo tout sa ke w rele Bondye, pou ke li menm antan ke Bondye ka tabli nan tanp Bondye a," avèk otorite.

Gade, e yo louwe I pou sa! O, Bondye, ke moun yo, ka wè sediksyon sa! Y ap louwe I pou sa, moun aj move sa yo kwè I avèk serye. Kounye a èske w wè dye sa ak sèvitè I yo nan aj move sa?

89 Bon annou obsève I k ap manifeste. Li di ke I ap fè yon mond miyò pou yo viv ladann, avèk konesans pa I olye de Pawòl Bondye a ki pa janm fayi. Men avèk mete ansanm , nan denominasyon, ak credo, ak entèlektyèl, ak syantifik, elatriye, I ap fè yon mond miyò pou lòm ka viv ladann, pou ap inyore pwomès Bondye a, ke sèl moman ke lemond va prepare pou w viv ladann se nan Milenyòm. Ou konnen, se opinyon pa m, I ap fè yon mond miyò pou w peche olye pou w viv.

90 Remake, Èske I te fè sa? Li te legalize peche. Li te legalize bwè wiski, fimen sigarèt. E nan legliz yo, li te legalize ke yon fanm te ka yon manm legliz, ak cheve koupe. Kounye a èske w ka stope jis yon minit.

91 Li ka pote bout pantalon, met makiyaj, e fè pati kamnenm de gwoup relije li, ki absoliman kontrè a Pawòl Bondye a. Li di ke se kòrèk. Ou wè konesans li a? "Kisa sa gen pou wè ak yon fanm?" Jis menm bagay tankou pran fwi defandi a, oswa pa fwi defandi a, se sa sa ye. Bondye te di pou pa fè I, men li fè I.

92 E li kwè I, e li renmen I pou sa. Li rayi Bondye. Pwòp aksyon I pwouve ke li rayi Bondye. Li di ke I renmen L, men li renmen Satan. L ap adore dye sa ki alamòd la, dye mond lan, deyès Hollywood. Li renmen I, men li rayi vrè Pawòl Bondye a, ki se sèl veritab Bondye ki genyen.

Li legalize I nan legliz yo. "Pa gen anyen de mal. Fanm nou yo ka fè sesi, sela, oswa se lòtbò." Men nan Prezans Bondye vivan an, li pa menm otorize pou I vini, sòf si I repanti.

93 Ou wè, li se dye bote monden, li se sa. Li vle parèt bèl. E li menm se dye bote, depi nan kòmansman. Li kapab, e li te akonpli pa konesans pa I nan lasyans ak matyè, pou fabrike bote pou aj modèl pa I sa...aj modèn mechan sa, pito. Sa fèt ak bote.

94 Remake. Sa vo lapèn pou remake. Nan kòmansman, Seth ak desandan I yo pa t janm pran chemen lasyans.

Bon nou pral pale de lasyans pandan kèk minit. Si m di sa, se pa pou ekskize inyorans mwen; men, on bann inyoran, se tout bagay ki va renye Pawòl Bondye a. Ou wè? Sèten.

Sa vo lapèn pou souliye. Siveye sa. Desandan Seth yo pat janm pran wout lasyans. Yo te dè bèje enb, dè kiltivatè, ak bagay konsa.

Men desandan Kayen yo te fè I. Poukisa? Yo te enspire pa papa yo, dyab la. Kayen, te enspire pa papa I, dyab la, e sila yo te enspire pa semans sa ki te kontinye ap desann.

95 Obsève semans Bondye a ki t ap desann atravè chak aj, epi obsève ki kote I ap abouti jodi a. Dè Kretyen, Kretyen otantik, yo pa jis konsantre sou rechèch syantifik ak bagay konsa. Non. Jis yon minit, nou pral antre nan sa.

Men desandan Kayen yo te fè I, dapre nati papa yo, dyab la, ranpli ak konesans monden, bote, ak lasyans, elatriye. Desandan Kayen yo te dè syantifik. Yo te enstwi. Yo te dè mizisyen--te konn jwe enstriman mizik; yon Elvis Presley modèn, kèk nan bagay konsa direksyon lekòl kite yo rive la nan vwazinaj la chak Samdi swa. Konstriktè vil, ap anbeli fanm pou konvwatiz pèsonèl yo, alòske dyab la ap bay fanm yo makiyaj, epi ap kale tèt yo, epi fè yo pote bout pantalon, ak bagay konsa. Yo menm, se pou pwòp konvwatiz sal pa yo. Se trè dirèk, men m pa konn okenn lòt fason pou di I.

96 Bon, nou konnen ke levanjil Tonton Nwèl se yon levanjil lasyans ak pwogrè. Li te preche nan Edenn; pa Bondye; Satan te fè sa, pwogrè lasyans. Lasyans ak pwogrè se levanjil Satan. Gade ki kote I te mennen nou jiska jodi a, avèk sa. Ou wè?

97 Remake, li te preche I an Edenn, a kimoun? A epouz Adan an. E li te tonbe pou sa. Li te sedwi I nan ap kesyone youn nan Pawòl Bondye yo. Ann wè kisa li te ka di. Li dwe te di,

“Sa pa syantifik pou w mouri, nan legliz sen sa.” Oswa, “Ou va vin byen fòme e enstwi, pa pou kwè nan yon tèl bagay san rezon tankou lanmò. M pa fè ka si Pawòl Bondye a te di l; sa pa rezonab.”

98 O, gade l jodi a. “Bondye se yon bon Bondye. Ou nan legliz sen Li; eben, ou paka mouri.” Men Bondye te di ou t ap mouri, e sa regle kesyon an. Gade l jodi a? “O, jis fè pati de legliz. Se pa sa w fè, oswa sesi, *sel/a*, ou se *lòtbò*. Jis vin legliz epi rete yon bon manm. Koupe cheve w, sa estipid. E pote bout pantalon, ak makiyaj, epi al danse, ak yon ti byè detanzantan, sa pap deranje w, osi lontan w pa fè eksè. Franchman, m swete ke nou menm timoun yo nou te ka pran sa, pou jije si yo renmen l ou pa.” Men li, dye aj move sa, aj move sa.

99 “Bondye se yon bon Bondye.” M te tande sa si tèlman jouk mwen te malad. Bondye se yon Bondye de jistis tou. Li pa yon vye gran papa mou ke w ka fè sa w vle, epi pitit pitit Li yo pa gen okenn peche. Li se yon Bondye de jistis e de sentete. Li te pwouve l nan jaden Edenn lan, pa premye timoun Li yo. Ou kwaze liy sa, youn nan Pawòl Li yo, ou mouri. Menm bagay la aplike jodi a.

100 Epi remake, li te preche jan de levanjil syantifik, sosyal, edike, progresif sa bay Èv, e epouz Adan an te kwè l. E li te gen siksè nan ap ranpli swadizan epouz Kris la, legliz Dezyèm Adan an, ak menm agiman yo. Se vre.

101 “O, se pa--se pa pou Bondye; Bondye twò bon pou fè sa. Ebyen, toutotan ou pral legliz. ‘Si w kwè.’” Dyab la kwè; pa swadizan kwè, men li kwè tout bon. Li pa sove. “Si w kwè.” Ha!

102 Li di dezyèm epouz la, oswa Epouz Dezyèm Adan an, menm bagay li te di premye a. Tankou, “Bon, gerizon Divin, pa gen bagay konsa. Nou ka pwouve sa. Pa t janm gen yon ka yo te pwouve.” Li te di, “E zafè batèm nan Non Jezi sa, bon èske w pa reyalize ke se mwen ki otorite legliz?” “Nou te regle sa nan Nise, a Wòm,” kan twa espri enpi sa yo t al nan dragon an, fo pwofèt yo, elatriye. “Nou kwè gen yon trinite Dye.” O, gras lamizèrikòd! Sa se bagay payen otan ke posib. Piga w janm vin devan Bondye avèk yon tèl bagay konsa, ap eseye rete nan Prezans Li. “O, sa pa fè okenn diferans si w te batize nan tit ‘Pè, Fis, Sentespri.’ Ki diferans sa fè?”

103 Pa gen bagay konsa batèm Sentespri nan jou sa yo. Se te sèlman pou apot yo. Se bagay pase. Epi zafè pwofèt? Moun pa menm okouran. Mirak? Yo pa syantifik. Malachi 4? Sa se te pou yon lòt aj. Jan 14:12? O, Jezi pa t vrèman vle di sa. Lik 17:30? O, se te jis yon lejand. Ou wè, sa-sa te mal entèprete; sa pa t nan orijinal la.” Yon tenten konsa!

Alòske Bondye Toupwisan an te desann nan mitan nou pou pwouve sa. Alòske Li di, ke, “Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” Li pwouve ke se sa. M pa fè ka ki moun

ki di lekontrè konsènan sa; Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li. Li te di Li t ap fè bagay sa yo nan dènye jou yo. "Va gen Limyè nan tan di swa." E gen Limyè, pou manifestasyon Fis de Dye a.

105 Menm solèy ki leve nan lès la se menm lan ki kouche a Iwès. Pwfèt la te di, "Va gen yon jou ke w pap ka rele ni lajounen ni lannwit." Se yon jou sonb, ak nyaj, kòm si l te kouvari fas solèy la. Men li te di, "Nan tan di swa va gen Limyè ankò." Menm Fis la! Li se Alfa e Omega. Menm Fis ki te leve a lès la te predi pou leve a Iwès ankò, nan dènye jou yo, jis anvan jou a fini. M pa konn kouman yo entèprete L; Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li. Li pwouve L. Sa se tan di swa a.

106 Se tris, men se sèten li te tonbe pou sa ankò. Epouz Kris la te tonbe pou sa, e l te pran konesans entèlektyèl yon predikatè seminè olye pou l kwè Pawòl pi, konfime Bondye a.

107 Kounye a minis yo laba nan peyi a kèlkeswa kote w ye a, ou ka pa dakò avèk Sa. M pap fè w mal. M jis ap ese....M ap pale ak pwòp gwoup mwen. M jis ap eseye...Si w ta vle anbake, se sèten m t ap kontan pou w tandé L. E apre sa pou w koute L. Ou wè? Men m jis ap di yo sa yo genyen--sa yo te wè, epi montre yo sa; Bondye ki ap pwouve l, sa se vre. Ou wè?

Sa se tan an. Ou pa bezwen pèsonn pou entèprete L. Konesans monden w lan pa gen anyen...Ou kapab gen yon Bak kòm Atis, yon Diplòm Doktora, yon Diplòm Atis, ou kèlkeswa sa l ka ye a; sa pa vle di anyen. Bondye entèprete Pawòl Li, Li menm. Li te pwomèt sa, e men ni.

108 Men ak konesans seminè, predikasyon denominasyon, "te lakoz lemond antye te etone poutèt blesi mòtèl bét la te geri," sot nan zafè payen al nan pap. Ou wè ki kote l ap dirije l? Li kwè sa. Li kwè nan konesans ke l te revele l yo.

109 Kounye a obsève, se, sè ke toude epouz fiyanse yo te kwè konesans Satan an kont Pawòl Bondye a. Epouz Adan an te kwè konesans Satan an kont Pawòl Bondye a, e epouz Kris la te kwè konesans Satan an, nan aj entèlektyèl move sa, kont Pawòl Bondye a.

E remake. Èv, lan natirèl, te kwè l, pou te plonje tout ras imen an nèt nan lanmò. Epouz natirèl la! Adan, lòm natirèl sou tè a; epouz li, anvan l t al jwenn li, pou l te vin madanm li, te plonje tout ras imen an nèt nan lanmò. Ke sa te syantifik ou pa, n ap mouri kanmenm, paske Bondye te di nou t ap mouri.

Ke w nan Eden sen an, oswa legliz sen an, oswa denominasyon sen an, ou kèlkeswa sa l ka ye a, w ap mouri le jou ke w ta doute de yon sèl Pawòl Bondye antan ke Laverite,

alòske Li te konfime epi pwouve pou ou. Se jou sa ou va separe tèt ou de Bondye. Pa jis fraz la okonplè; yon sèl Pawòl. "Nenpòt moun ki va ajoute yon mo, oswa retire Youn," jou sa ou va mouri.

110 Remake, epouz Adan an te lakoz lanmò natirèl pou ras li, ras imen an.

Epouz Dezyèm Adan an, epouz fyanse Kris la, te koz tout legliz yo nèt te plonje nan lanmò denominasyon, pou pran mak bète la, pa gwo denominasyon syantifik, entèlektyèl. "Nou se Batis. Nou se Prezbiteryen. Nou se Pannkotis," elatriye.

"Nou gen sesi, e nou posede plis pwopryete. Nou menm, gouvènman an konnen nou. Nou toupatou nan mond lan," ak tout bagay konsa. "E meyè bagay la, majistra vil la, elatriye, vin kote nou an, Menm Prezidan an vin asiste lamès avèk nou, e nou rive nan sesi, sela, ou se *lòtbò*." Lemond antye te plonje nan lanmò espirityèl denominasyon; tout legliz nèt. Li mouri!

Ou va di, "W ap pase sou anpil bagay."

111 Jezi te di, "Menm jan I te ye nan tan Noye a, kote uit nam te sove. se konsa I va ye lè vini Fis de lòm lan." "Nan tan Lòt, kote twa moun te soti nan Sodòm, nan jou sa..." Kounye a gen yon gwoup ki déjà soti, sonje. "Men, menm jan I te ye lè sa, lè Fis de lòm lan va manifeste." Gade jou a, gade kote n ap viv!

112 Bon li te lakoz ke lemond antye te aksepte kondwit syantifik pwogram edikasyon ke Satan te bali a anba non legliz, kondwit yon pwogram edikasyon, syantifik. M ap dekri pou nou dye mond sa.

Kan li menm, menm jan ak Èv, li te gen tout Pawòl Bondye a nan men I, li te ka pran Pawòl Bondye a. Men kisa I te fè ak Sa? Olye pou I te tann batèm Sentespri a, li te kite lasyans pwouve I ke Sentespri a se te sèlman pou disip yo.

Olye I kenbe gerizon Divin lan ap kontinye, alòske I ta dwe ap resisite mò kounye a epi ap fè gwo mirak; li te kite Satan, anba kondwit òm reliye pa I, pran Pawòl Bondye a pou ap eseeye di ke Se te pou yon lòt aj. E li te kwè sa.

113 Tandiske, Bib la te di, "Zèv ke M fè yo nou va fè yo tou." Jezi te di sa. "Ale toupatou nan mond lan pou preche Levanjil a tout kreyati a." Nou se ankò dè kreyati. "Siy sa yo va swiv chak sa yo ki kwè." Li renye chak ti bagay Ladann.

114 Li renye tout sinatirèl, e li te boukante L pou konsepsyon entèlektyèl pa I de Bib la; kote prêt yo, sen pè yo, swadizan, kote evèk,achevèk, kote responsab distri, siveyan jeneral,

elatriye, te mete pwòp entèpretasyon pa yo Ladann. E Bondye te pati kite yo, blayi la, mouri tankou lè I fè midi.

Sèl bagay ki rete nan dènye jou a se yon bann ti Pannkotis ak yon pakèt bri mizik k ap frape pi fò yo kapab, ap kouri monte desann sou planche a, ap pale an lang epi ap rele fò, "genyen yon pyete pou lafòm, men ap renye Pawòl la." Di yo pou yo batize nan Non Jezikri; yo va ri w nan figi w. Men, sa, Bondye ap vanse drèt pou ap fè I kanmenm, ap pwouve ke Pawòl Li a se sa.

#### Sè Lugie 115-147

115 Remake, pye bwa ke satan te fè Ève pran ladann nan, sete " Pye bwa byen ak mal la." Se te yon pye bwa ki te miks. Kounye a gad nan jou ke na p viv la, kan L ap rele Epouz la pou I soti. Li te g on legliz ki pretann ke I t ap fè sa k byen, kant se mal, ke I renye Pawòl la. On pye bwa ki te mikse. Oh, yo di, "yo—yo g on bann sosyete ekstraòdinè. Yo—yo—yo—yo ede nan sa a. Epi Lakwa wouj andose I. Ak tout lekòl yo...gade non!" Oh, men renye jis yon mo, se tout sa w dwe fè pou mouri; pe enpòt konbyen entèlekyèl, konbyen bon I ye. Jezi te di "On ti kras leven fè tout pat la leve." On vyek ti leven gate pat la. Yon Pawòl Bondye, ki mal plase, gate tablo a annantye. E si bram te trouve I kote pyem ta dwe ye? Ou wè? Epi zòrèy mwen te anba la a kote men m ta dwe ye? Yo mande, " kouman w fè konnen ke I jis?" Bondye pwouve ke I jis. Li konfime I. Li di I la a nan Pawòl la, answit Li pwouve I. Se konsa n konnen ke I jis ou pa. Jis renye yon sèl Pawòl se tout sa w gen pou fè pou ka mouri. Li te bay menm rezulta nan aj move sa a, lanmò espirityèl, menm jan ke lanmò fizik la te fè I pou ras imen an annantye.

116 Remake kouman satan te fè ansòt ke laj syantifik Noe sa a te repoze sou pwòp konprehensyon yo. Han an! Bib la di n, nan Pwovèb, "pa apiye sou pwòp konpreansyon nou." Epi, " Se pou chak Pawòl yon nonm s on manti, e Pawòl Bondye a La verite." Men Satan, ak konesans li, depi nan kòmansman an nan jaden Dedenn nan, te fè ansòt ke moun yo apiye sou pwòp konpreansyon yo. Ebyen, ou konnen, atravè manifakti Max Factò li yo, li te rann fanm yo tèlman bèl ke sa te lakòz ke pitit gason lèzòm yo... pitit gason Bondye yo, pito, te tonbe nan peche epi marye avèk yo. Dakò. Li... Fanm yo te tèlman mayifik, tèlman bèl.

117 Kounye a pran yon fanm kèlkonk nan lari a jodi a. Anpil nan nou te li istwa; ou pat janm tande I, 'paske se te anvan m te fèt. Pearl O'Brien, konbyen moun ki te janm tande pale de li. Sèten. Li te sipoze fanm ki bèl nan mond lan. Ebyen, pa g on ti ekolye ki nan lekòl nou yo jodi a ki pa t de fwa pi bèl ke li. Kisa sak fè sa? Bote fanm nan te do akonpli nan dènye jou yo. Yo koupe cheve yo. Yo abiye ak rad ti jèn fi. Yo mete bout kanson, bikini, ak jan ke n rele I la, sou yo. Yo met penti, koulè wouj, ak tout jan de bagay sa yo, pou parèt on bagay ke yo pa ye. Ou wè? Men ak konesans syantifik yo te fin rive pa fè sa. Eske w konnen gen plis depans pou kosmetik pou fanm, ke de fwa oswa twa fwa, ki depanse pou moun manje, Ozetazini? Sa te pwouve, se vre, pou pwodwi bote.

118 Remake, "Ptit gason Bondye yo te wè piti fi lè zòm," pa ptit fi Bondye yo, "Ptit fi lè zòm yo, ki te bèl" e ki te lakòz ptit gason Bondye yo tonbe nan egareman sa a. "Epi yo te pran jan de fanm sa yo e marye avè yo," kidonk sa te pwodwi yon aj pwostitisyon, menm jan I ye jodi a; jan I te ye nan Sodom, jan ke I te predi I t ap ye jodi a. Sa se, lè gason ak fanm de no jou ap twoke fanm yo. Si yo pa renmen fanm sa a, yo—yo al Reno, nan Nevada, epi marye; e, oswa divòse, sila sa a, pou marye on lòt fwa nan kenz minit. Yon fanm tèlman bèl ke w te preske pa kab reziste devan yo. E kisa sa I ye? Demon an! Ou pa toujou wè Satan nan bote? remake.

119 Remake, yo pa t janm padone yo peche sa a. Laj bote, syantifik sa a te laj menm kifè ke Bondye te detwi tout bagay sou fast è a; laj bote, syantifik sa a. Jezi te di ke I ta pral sa ankò jis anvan vini Fis de Lòm nan. Pa vre? " Remake, Jezi te di, "jan ke I te ye nan tan Noe a, se konsa sa pral ye nan vini Fis de Lòm nan," kan yo tout ap eseye marye...Kounye a obsèvè, "Ptit gason Bondye yo te marye ak ptit fi lèzòm yo," Ebyen Bondye pa t janm padone yo pou sa.

120 Jis menm jan ak ansèyman Balaam lan, ki te lakoz ke bèl, entèlektyèl, syantifik fanm Moabit yo pou...ak je yo kap flannen tout kote, penti ak poud yo, pafen chè yo a, pou atire ptit gason Bondye yo; kont pwòp fanm pa yo ka p travay e ki gen kal sou men yo, san makiyaj. Yo te atire yo, e di, "ann marye youn ak lòt, paske n se menm pèp la." Se t on manti! Se t on — yon manti e yon machinasyon demon an, pou fè ptit gason Bondye yo marye a—a ptit fi lèzòm yo. Se t on manti demon an, pou ke Balaam, fo pwofèt sa a, eseye pwofetize kont Moyiz ki ta p eseye kenbe ras la ansamb; lè I di, "Bon, nou kwè nan menm Bondye a. Nou ofri menm ofrand yo. Nou fè menm sakrifis yo." Tèlman pwòche ke I ta sedwi eli a si posib." Ou wè? [pati vid sou bann nan—Ed.] Ou wè? Elwaye n de yo, pèp la! Nou pa gen anyen a wè avè !!

121 Remake, se pa t kòm si dire Bondye ta entèprete Pawòl li a jenerasyon mechan Kayen an. Non. Bondye pa ta p entèprete Pawòl li a yomenm. Remake...[Espas vid sou bann

nan—Ed.] Bondye, ki gen konesans pou f on mond tèlman bèl, syantifik epi chaje ak peche, pou L ta detwil? Eske Bondye ta fè sa, f on mond tèlman bèl; gade non, Bondye ki ta fè pitit fi I yo tèlman bèl, epi ta abiye yo tèlman endesan, pou ke pitit gason I yo ta konvwate yo epi ta marye avèk yo e ta komèt adiltè avèk yo? Kisa? Bondye ki ta f on bagay konsa? Bann Lawodiseyen sa yo toutouni, dezabiye, ap adore dye mond lan, atravè etik yo, ak edikasyon, ak riz, ak bote! " soti nan mitan I," Bib la di, " pa patisipe nan peche I yo, pou pa resevwa plè li yo." Bondye pral voye lapli grèl sot nan syèl yon jou, tèlman gwo ke yon moso ap peze san liv, e L pral lapide I pou detwi I; jan ke Pawòl li toujou di L ap fè a, Lwa Li yo. Bon, si Bondye ta f on bagay konsa, ta revele Pawòl a jan de moun konsa sa yo, Li ta—ta echwe nan pwòp objektif li. Bondye pa fou. Li se sous tout sajès. Kidonk Ou wè ki kote bagay sa a soti? Li vinn de Satan, e I toujou de Satan. Epi legliz la te kwè I.

122 Kounye a ou wè, fam yon fanm yo, m ap fè tout efòm pou m montre nou Pawòl Bondye a. Bib la te di, "si yon fanm koupe cheve I, li dezonore tèt li," ki se mari I. Epi mari I se tèt la, ak Bondye, kifè li dezonore Bondye ak Mari I.

123 Ebyen sa montre kiyès ki tèt sistèm mondal legliz la. Sa montre kiyès ki tèt li. Se Satan, nan fòm yon sipè mann, yon moun ki gen konesans, yon sipè konesans. Li konn plis ke tout rès nan yo a. Pe enpòt sa Pawòl la di, li te gen pwòp entèpretasyon pa I de sa, ou wè, entèpretasyon pou aj demoniak sa a.

124 Remake plan I pou bat yon sipè legliz denominasyonèl, ou wè, yon sipè denominasyon, pou ke tout mond lan va adore I, bét la, anba non Krisyanite ini. Eske w ta renmen li sa nan Bib la? Apokalips 13:6 e 8. S on tou de Babèl modèn.

125 Ou pa sonje kouman Nimròd sa a, ipokrit sa a, te bat gwo tou sa a epi mande tout lòt vil yo pou rann li omaj? Babil ak Babèl se menm bagay la. Li jis chanje non I yo, pandan ke I t ap monte. Sèke, koulye a se Wòm ki Babilòn. Epi le mond antye te kondwi nan Babilòn, e I te abouti nan Konsey Mondyal Legliz yo sa k pral fè ke chak nan yo pral koube devan I. E w te pran mak labèt la san w pa konn sa w t ap fè a. Paske... Men sila yo ki te chwazi pral tande Pawòl la e va soti ladann.

126 Gad jan denominasyon yo kontrè a Pawòl Bondye a! Li pat janm gen youn, pa t janm opere nan youn, e pa t janm opere ak youn. M vle pou yon istoryen montre m ki kote yon pwofèt te janm soti n on legliz. Montre m ki kote Bondye te janm beni yon legliz ki te...apre ke I te fin òganize. Li te mete I oranka epi I te mouri, ak sajès entèlektyèl ki vinn de demon an, de kondiktè yo, epi I refize pawòl Bondye a jan ke I ap grandi nan estati pafè Kris la. Koulye a li nan tèt la. Gad jan sa kontrè! Separe n de Èv enkredil sa a, noumenm timoun Limyè di swa a!

127 Satan, dye aj sa a, ak konesans li a, fè moun yo manje nan pye bwa melanje byen ak mal li a. Remake. Satan ak konesans li a, lakoz ke moun yo nan aj move sa a manje nan pye bwa byen ak mal li a. li di ke I ap konstwi yon pi gran sivilizasyon kretyen, pa konesans li sou byen ak mal, yon pi gran sivilizasyon Kretyen.

128 Men ti Vyèj Kris la, Pawòl la, ti twoupo a, Epouz la, paf è ka de konesans li a. Li kanpe lwen I, li libere de limenm. Sa I... Koulye ann pale de li, yon minit. L ap tann Seyè L la ak lindemyèl milenyum li a, dakò, ak Epou Pawòl la, menm jan I se Epouz Pawòl la.

129 Konesans e sivilizasyon, ak vrè Krizyanite, pa gen anyen an komen. Sivilizasyon, ak vrè Krisyanite, pa gen menm yon bagay an komen. Sivilizasyon vinn de konesans. Nou tout konn sa. E konesans te vin de Eden, li te pwrouve, ke se ak sa I te preche nan Edenn. E konesans koz lanmò. Pa Vre? Sak te koze lanmò nan jaden Dedenn nan? Konesans. Men I pa ka vin de Bondye, alòs li vinn de demon an. Fyou, sa a son bon pwen! Konesans, lasyans, edikasyon, se pi gwo nwizans ke Bondye te janm genyen. Sa vinn de demon an. Koulye a m pral jwenn kèk lèt sou sa, m konnen. M ap ret tann yo.

130 Gad nan kisa kilti mete nou koulye a. Ou wè? Gad kisa I fè. Ki kote n ye? Nou te apiye n sou bagay sa yo, atravè pwòp konpreansyon nou pa syans nou. Ou di, " E Bondye alò, ou panse ke L s on iyoran? Oh, non. Bondye pral etabli pwòp jan de sivilizasyon I sou tè a, lè I va prann sou kontwòl li. Sa a se mond Satan; li se dye konesans syantifik monden I lan. Men Bondye pral etabli pwòp jan de sivilizasyon L. Li pa p yon sivilizasyon tankou sa a. Jis raple w sa. Li pa pral jan de sivilizasyon ke n gen jodi a. Non, non. Li pral selon Pawòl li ak objektif li. Paske, dye aj move sa a pral detwi, ak tout Wayòm li a.

131 Aj modèn ki renmen konesans sa a pa ta ka g on meyè lidè ke sila ke yo genyen an, Satan, yon koriptè Pawòl Bondye a, jan ke I te kòmanse a depi nan jaden Dedenn nan, pa anyen lòt key on moun reliye ki apiye sou pwòp konpreansyon I. Jan ke m te di anvan an, nan Pwovèb 3:5, ke " nou pap apiye sou pwòp konpreansyon nou." Yo dwe g on dye, paske yo se imen. Poutèt sa, li pwodwi pou yo sa yo vle a. Antan ke yon èt imen, kòm toujou, tout èt imen yo... Lè n rive isit la, nou te jwenn endyen yo k ap adore idòl, ak solèy la, ak tout bagay. Kòm se èt imen yo ye, yo dwe g on dye. Kidonk gran laj entèlektyèl sa a dwe g on dye, konsa li vinn... dye mond sa a te vin konesans, denominasyon, lasyans, " Y ap g on fòm de sentete, men renye sa k fè fòs la."

132 Remake, dye yo a fè de yo jis sa yo vle a. Yo konvwate la chè, e se sa ke I ba yo. "Yo vle met bikini. Kite yo mete I. Ou wè? Si yo vle fè sesi oswa sela, kite yo fè I. Pa gen anyen mal a sa; y al legliz. Manman yo te Metodis, Batis, Pannkotis, Presbiteryen. Jis kite yo trankil." Sa se dye aj sa a; entelijan, saj, syantifik. Li pa beswen gen okenn fwa. Li pa beswen pwouve

anyen. Li deja pwouve, pa konesans yo a. "Ebyen, nou se pi gwo legliz ki genyen nan vil la," konesans yo a. "Pastè nou an g on Diplòm Doktora., Diplòm filizofi. D." Ou wè, yo pa bezwen gen okenn fwa; yo repose yo sou konesans. Kite yo viv kanmenm, osilontan ke yo vin pou adore I ak denominasyon yo a ak kredo. Men g on bagay ki atake repitasyon yo la a, men gade I non. Y ap ri de Pawòl Bondye a, ap di bagay ki kontrè a Pawòl la, ap eseye, ak konesans yo, pou pwouve syantifikman ke Pawòl la pa Laverite. Oh, al on laj ke n ap viv ladann nan! Ou wè Dye aj sa a?

133 Remake, men Bondye ap tann jouk inikite Amoreyen modèn sa yo vin bout. Pa enkyete w, Li pral prepare Moyiz li pou lè sa a. Pral g on egzòd, yon jou, pou tè pwomiz la. Pral g on Moyiz k ap vini, ki pral fè n soti, "restore Fwa timoun yo bay papa yo." Eske... Ou di, "Ebyen, gad kouman n ap avanse." Se vre, inikite Amoreyen yo po ko ranpli ankò. Sa pral rive, youn nan jou sa yo. Kite yo detwi tèt yo.

134 Sivilizasyon, konesans, denatire Pawòl Bondye a pou satisfè pwòp gou yo. Chak denominasyon fè menm bagay la. Satan lè sa a ap preche pwòp levanjil li nan pwòp legliz.

135 Gen sèlman de klas de moun ke yo pale nan Nouvo Testaman an. "Ptit Bondye yo ak pitiy dyab la." Eske w te konn sa? Ou vle note yon Ekriti sou sa? Premye Jan 3 :10, si w vle Ekriti a. M ap li l la a, ou mèt ekri l. Dakò. Dakò.

136 Nan Ephezien 2 :2, yo rele yo, "Timoun dezobeyisans yo." Jan Èv te fè l la, dezobeyi Pawòl Bondye a. Timoun obeyisans ak dezobeyisans, pa gen anyen an komen. Kidonk kouman Epouz Kris la ka asosye I ak denominasyon, kan youn s on dezobeyisan e lòt la obeyisan? Kouman youn ka, Pawòl la limenm, epi lòt la, pawòl pèvèti a. Kouman you pwostitiye ak yon fanm jis ka mache annakò ansanm. Yo pa kab fè l. Yo pa gen kominyon ditou. "Soti nan mitan yo" Sa vin de demon an. Se mak bêt la. Tout denominasyon yo; ap dirije yo dwat ladann koulye a. M pa fè okenn ka de kiyès li kesyon. Bondye ap chwazi, pa yon denominasyon, "yon pèp pou pote Non L." Yon denominasyons p ap resevwa verite sa yo. Sa pral pran yon moun pèsonèlman ki ka wè Bondye, ki considere Pawòl Li e kwè L, ki pa manm okenn òganizasyon; men k ap viv pou Bondye, pa pou òganizasyon l lan, sajès entèlekyèl kèk prèt oswa on bagay ki te anseye l. Se vre.

137 Timoun dezobeyisans, ak Timoun obeyisans, pa gen anyen an komen. Youn se...se limyè Lajounen; lòt la, se lannwit ak tenèb, aj demonyak, aj demonyak sa a, nayklib sa yo, dans sa yo, kanmenm yo se manm legliz. Se kòrèk ak dye yo a. Yo pa santi okenn kondanasyon sou sa; anyen pa deranje yo. " Pou mwen, sa pa kondane m ke m pou koupe cheve m," yon fanm te di. "Sa pa blese konsyans mwen." Li pa t gen plis konsyans k on koulèv te gen anch. Se

vre. Sètènman non. Li pa konn sa konsyans ye. Li te kwit tèlman di ke I pa menm konn kisa I ye. Se vre.

138 Ap tounen anwon, otou Pawòl Bondye a, ap di konsa, "gade non, se kèk vye lepè. Pa al anwo a; Yo s on bann bri chawonya, detoutfason. Han an! Yo pa konn plis de Bondye ke yon endijèn ta konnen de yon nwit Ejipsyen. Se vre. Se Laverite." Yo g on sanblan de sentete, men y ap renye sa k fè fòs la; retire kòw n on bagay konsa. Paske se jan de moun sa yo ki al de kay an kay, epi ap pran tèt fanm fèb yo." Oh, machè, ou wè li, ou dwe fè sesi. Oh, machè, m kwè vye predikatè ti lepè w la ba a, si w jis... Ok, w ap parèt anfòm nan yon "kini," oswa jan w ta rele bagay la. Oumenm, si w ta fè sesi, sela, ak tout lòt la. Kisa, yon ti sigarèt p ap fè pèsonn mal. M se manm legliz, epi w konnen denominasyon nan osi byen konsidere ke nenpòt ki lòt yo." Penga w kwè vye mantèz pentire latètopye sa a. Lap bò w manti. Se vre. Wi, mesye.

140 Se kòrèk ak dye yo a. Oh, li kwè ke se mèvèye, epi yo jis renmenl pou sa. O lala, yo pral diskite avè w. Yo pral leve kanpe e fè tapaj avè ou sou sa. Men, asiraman, Satan te kanpe drèt anfans Jezi Kris, Pawòl la, li te eseye di "li ekri." E I te kanpe la a, Pawòl konfime Bondye a. Li te di, "Retire w devan m nan, Satan! Li jis vire e kontinye fè menm bagay la. Tankou yon kamarad te dim yon fwa, li te di, "koulye, si w kwè ke batèm Sentespri a vre, e w kwè ke w te genyen L," li te di, ebyen a fèm vin avèg." Se t on predikatè. Li te di, "Fè m vin avèg!" Li te di, "Paul te frape yon—yon nom davègleman yon jou."

140 M te di, "Mesye, kouman pou m ta fèw vinn avèg lè ke w te deja avèg? Kouman pou m ka touye w lè ke w te deja mouri?" An-Han. Li te di, "zye m yo ven sou ven!" M te di, "Pati fisik la; men w toujou avèg." "Li enposib! Bib la pa entèprete bagay yo. Nou pale kote Bib la pale, e pe bouch nou kote L pe bouch li."

141 M te di, "Dakò, lè Eli te anba nan—nan Dothan, ou wè, la a lame Siryen annantye te toupatou anwo a. Epi sèvitè te kouri monte, te di, 'Oh papa m!' Li te di, 'Papa M,' li te di, Siryen yo ap envayi nou.'" "Eli te fwote zye I yo, li te reveye e I te di, 'Gen plis avèk nou ke avèk yo.'" "Li te di, 'M pa wè pèsonn.'" "Li te di, 'Bondye, louvri zyel yo.' Nan moman sa a, li te avèg. Epi L te gade toutotou vye pwofèt, ak sou tèt montay yo; te ranpli ak Zanj, e charyo dife, e chwal dife." "Epi I te deplase la a, e Bib la te di, 'Li te frape yo davègleman.' Avèg de kisa? De limenm. Li te soti, el te di, 'Eske w ap chache Eli. "Wi, n ap chache I'" "Li te di, 'annou wè, m pral montre w kote I' ye'. Elize te kondwi yo kot Elize. Avèg!" M te di, "Ou konn kisa m pral di w? Egzakteman sa ke Seyè m nan te di papa w, 'retire kò w devan m.'" Ah-han. Uh-han.

142 Remake, timoun obeyisans yo, ak dezobeyisans yo, pa gen anyen an komen. Dezobetisan yo ap adore dye pa yo. "Oh," yo di, "nou kwè Bib la." Wi, s on pye bwa melanje. Ou wè, yo ajoute pawòl ak konesans ladann. Pye bwa satan an, te melanje; ou wè, fanm nan

te pran byen ak mal lan nan pye bwa Satan an. "Oh, nou kwè Pawòl." Sèten, men pa tout antye. Èv te kwè Pawòl la, tou, men te kite—te kite Satan pran pye bwa I la e pèvèti I on ti kras. Se sa I ye. "Nenpòt ki moun ki pral ajoute yon mo, oswa retire yon mo ladann." Li se menm nan ayè, jodi a, e pou tout tan! Remake. Dakò.

143 Aj demonyak sa a vin de tenèb, poutan I se pou legliz. Dye yo a, yo renmen I pou sa, fason ke I kite yo fè I. Pa gen kondanasyon pou yo. Anyen pa deranje yo osi lontan ke yo se manm legliz. Balaam te anseye legliz la menm bagay la. "Ann ini nou; nou tout se menm." Se te dènye komedi a. Bondye pa t janm padone yo dèské yo te kwè yon tèl mansonj.

144 Sonje, se t on peche enpadonab, twa fwa nan Bib la, pou nenpòt moun ki ajoute nan pwòp entèpretasyon pa yo Apre ke I te fin konfime kòm etan Lavrite. Nan Jaden Dedenn, dakò, nan jaden Dedenn, yon mo ajoute te koze lanmò. Kan Balaam te ajoute yon mo, kòmkoi "Nou tout se menm,", Bondye pa t janm padone sa. Chak nan yo te peri nan dezè a sof twa ke Bondye te fè soti a. Jezi te di, Yo te, chak nan yo, mouri," Sa a se separe Etènèlman. Yo tout te mouri; pa t janmen padone. S on peche enpadonab; Li pa t janmen padone yo. Oh, lala! Kouri kite I, timoun limyè di swa yo!

145 Ou wè koulye a kiyès ki kondiktè aj demonyak, modèn, reliye sa a? Se demon an, ki pran pye bwa byen ak mal sa a, epi plase I la ba a, remake, li pwodwi bèl legliz epouz sa a bay konsèy ekimenik pou yon maryaj. Sa a s on bon bagay. Bèl legliz syantifik sa a, ak tout—tout—tout diplòm sa yo ke yo te ka pran; diplòm filozofi nan legliz Kris, diplòm filozofi nan legliz Batis, Presbiteryen, Pannkotis, ak yo tout. Ap kondwi yo tout ak tout òneman dekore ak gwo legliz yo a, tout dwat nan konsèy ekimenik, "Nou se youn" Yo pa p janm jwenn padon. Yon denominasyon, pou I pote mak yon denominasyon, se mak bèt la. Nou finn kouvri pati sa a; finn fè sa. Kouri kite I, ti moun yo, kouri kite I! Ou wè? Mayifik, bèl legliz pou isaj ekimenik, pou pote mak li! Bout pantalon yo, sèten, rab monden, atiran, penti, dè vrè bon disip demon an. Pou atrape pitit gason Bondye yo; pou marye yon gason byen ne a kèk vye repwouve tankou sa a. Se vre. Ala yon...

146 Ou di, "koupe cheve, sak gen pou wè ak sa"? Frè ann kanpe la a jis on minit. M jis santi yon moun pa apresye sa. Li te dwe deyò a sou fil la kèk kote. Tande. Cheve pou fanm nan s on ve Nazireyen. Cheve pou Samson se t on ve Nazireyen. Kidonk lè yon fanm koupe cheve I, li—li tousenpleman renye ve nazireyen an kifè ke I se epouz Kris la. Paske, la a, ak sèl bagay sa a, li gate tout tablo a. kòrèkteman! Yon Nazareyen se " sila ki te konsakre pou yon bi." Eske se sa? Samson te konsakre a yon aj e pou yon bi, poutèt sa li te gen cheve long. Fanm nan kise pitit Bondye, kite cheve I pouse, pou montre ke I konsakre a chak Pawòl Bondye.

147 Si I koupe I, M pa fè ka kouman I ka danse, chante, li nan koral, pale an lang, kouri monte desann, oswa I gen tout kalite èd sosyal, li mouri. Se ENSI DI SEYÈ A, Pawòl Bondye a. Premye korentyen 14. Ya a. Li te renye ve Nazireyen I lan epi vann tèt li bay dye aj modèn sa a. Li fè sa. Kounye a, ou dwe wont, madam, oswa fanm nan!

148 Yo se vrèman dè atrap ptit gason Bondye, menm jan sa te rive. Menm jan Jezi te di: "Sak te rive nan tan Noe, fanm sa yo te bèl, epi ptit gason Bondye yo te kòmanse marye nan mitan yo, se konsa lap menm jan an lè Fis de lòm pral tounen." Epi bondye pa yo panse ke sa a bon, bèl, syantifik, konesans la; mòd Hollywood la, ki fèt nan pwòp boutik li, natirèlman, avèk tout bagay kolan sa yo, nou konnen.

149 Epi limenm, legliz li, senpleman renmen !! Oh lala! "Map fè nou konprann ke mwen Metodis. Mwen Presiberyen. Pastè nou gen bon sans pou pa di bagay konsa." Alò, li pa gen ase bon sans pou di bagay ke Bondye di yo. Wè?

150 Limenm, legliz la, jis ap adore li. Li renmen sa. Se egzakteman sa I te vle! Li pap asosye I ak anyen, frè, ni li pap antre nan anyen kap fè I aji diferaman de Jezabèl modèn sa yo, paske se nati sa a ki nan li.

Kijan ou ka fè on nati... "Ki, pa enkyetid li, kapab ajoute on koude a tay li?" Si ou fèt pou mezire 1m 50, ou pap fè 1m 80. Oh, wi, tankou "machin ki alonje an" de Booth-Clibborn.

151 Alò tandem, nou menm mesye yo, bann de Ricky! Si ou te fèt pou vin on nèg, alò aji tankou on nèg. Franj sa yo kap tonbe sou figi nou, ki frize tankou pou chame, oh, ras pèvèti de sèpan! Men, ki pwoblèm nou?

Bondye mwen pral jije nasyon sa a on jou pa dife. Lap fè I koule anba oseyan an. Lè jijman Li toupre. Lemonn antye pral disparèt.

152 Pervèsyon relijye! Pervèsyon imen; nèg yo pa menm konnen ki sèks yo ye, medam yo non plu. Yo kanpe la a, avèk on pè salopèt gason sou yo, oubyen on pè ansyen ti bout pantalon, rad ki... tout mouvman li yo epi tout fòm kò li, epi li rele tèt li Kretyenn. Li pa menm on dam, ale wè on Kretyenn. Li son prostatye lari ki itilize pa Satan, enspire pa Satan, pou voye ptit gason Bondye yo an anfè, pou akonpli Pawòl la ke Jezikri te anonse ki tap rive. M pat vle di sa, men Li di I, de tout fason. Nou wè kote lespri relijye sa a soti? Pyebwa ki melanje a.

153 Nap di: "Ki mal ki gen nan sa avèk pantalon sa yo," oubyen kèlkeswa sa yo rele I, "pantalon kòsè?", ou kèlkeswa sa I ye.

Bib la di, ke: "Tout fanm kap pote on rad gason, se yon abdominasyon nan je Bondye". Se ENSI DI BIB LA.

Epi on fanm ki koupe cheve li, li dezonore chèf li. Epi se pa menm... Se yon peche pou on fanm priye avèk cheve kout, Bib la di sa, pou priye an piblik avèk tèt la ki pa vwale. Epi...

Oh, nou di: "M pote on chapo."

154 Espès d ipokrit, ap anseye bagay konsa bay fanm sa yo! Alò ke, Bib la di: "Cheve I te bay tankou yon vwal", pa yon chapo febrike pa lòm. Se sa Bib la di. M pa responsab; m sèlman responsab pou di Verite a. Pa malonèt, jan Bib la di: "Manipile Pawòl Bondye," pou-pou I ale oubyen-oubyen pou I reponn a demann on bann rickettas.

155 M gen mo move isit la. Mwen ekri "Elvis" olye de move. Se apeprè menm bagay la. Mo Elvis vle di on "chat," epi mo Ricky vle di on "rat." Lè ou di "ti Ricky," ou vle di, "ti rat." Non ke ou ba li a, se sa l ye. Se pitit ou pote non sa a, chanje l vit, pou lanmou Levanjil la. Pa rele on timoun...

Nou pa janm tandem non konsa nan Bib la, ou nan nenpòt ki lòt aj. Se laj la, non pou aj sa a. Si jamm te gen rat ak chat pèvèti, se byen la a.

156 Tout...?... animatè mizik sa yo, a on milyon dola, epi timoun sa yo kap mache isit la, yo pa menm ka al-al lekòl san on bagay ki kole nan zorèy, epi on vye ti tanzistò nan pòch yo, kap fè "boom-boom."

Oh, yo vin lakay la, epi nou fè... Nèg sa yo tap eseye repenn kay mwen anlè a. Nou di: "Retire bagay sa a isit la. Si nou pa ka travay san li, alò sispann travay la. Sa tèlman nève m, ke m pa menm ka rete kanpe isit la. Nou konsakre plas sa a bay Bondye. Nou pa vle mòd boogie-woogie sa a ki ridikil nan dènye jou sa yo isit la." Mwen di: "Fèmen sa a, sinon kanpe travay!"

157 Remake, poutan yo reliye, oh, natirèlman, yo menm al legliz, epi yo la a, nan antre a, ap tandem boogie-woogie.

158 Remake tou ke Epouz-Pawòl Kris la, Limenm tou, ap dirije l anlè a. Menm jan nou wè kote antikris la ap dirije li: li kòmanse lòt bò a, epi kounye a, lap pwogrese vè tèt li; on konsèy èkumenik pral pwodwi on tèt eklezyastik. Epi ti Legliz la, ki fè chemen li, Limenm tou, atravè laj la, Epouz-Pawòl Kris la, Lap pwogrese vè Tèt Li, paske Li pral ini ankò avèk Konpayon Li. Toujou- tankou legliz la ak tout rès la, Li dwe ini. Ble a, tout rès la, tounen dirèkteman a tèt la kote l te pati; tankou Kayen epi Abèl. Epouz-Pawòl la ap dirije l vè Moun Pawòl Bondye a ki manifeste nan laj move sa a ke nap viv la. Nou wè kote l prale?

159 Epi Satan pral pran epouz entelektyèl li byento epi li pral egzalte gran sa a, ki se antikris la, yerachi a, epi li pral plase l sou yon tròn, “epi lemonn antye pral an admirasyon dèyè li”.

E alò Kris pral vini. Epi toude pa ka egziste an menm tan. Epi yap pran wayòm li an; limenm, lap detwi.

Epi Kris, Pawòl Bondye a... An fèt, dam lan on pati de kò nonm lan. Yo pa fè de; yo fè youn. Epi Epouz la, Legliz la, Pawòl la, “on pèp ki rele pou soti, *isit* epi *la a*, poutèt Non Li”, pral ini nan Kò Jezikri.

Epi yap pran wayòm antikris la epi yap detwi l. Epi Kris pral pran tròn lan, pral chita sou tròn papa L David, epi Li pral renye sou latè a pandan mil an; epi Li pral prezante Legliz la bay Bondye, “san tach ni defo.” Wi!

160 Kounye a, remake cheve long li, ve Nazarit li anvè Pawòl la. Kounye a mwen pral imajine Epouz Kris la. Nou imajine antikris la, kote l ye a, reliye e tou, syans la. Kounye a, ti Epouz enb Kris la kwè Pawòl la tou senpleman, kèlkeswa kiyès Li ye. Se endivid yo ye. M espere epi mwen gen konfyans ke gen anpil ki chita la a, anpil kap tandem. Epi m espere ke mwenmenm, epi ke chak nan nou, fè pati de Epouz sa a. M espere anpil. Epi, se sa lap ye, tout sa yo ki te destine ap fè pati de li, paske se nati yo. Yo wè. Pawòl la ka jis rekonèt Pawòl la. Li pa ka rekonèt on denominasyon oubyen on pèvèsyon. Li konn pi byen; Li se Pawòl la. Wè? Li pa ka rekonèt anyen...

On ble pa ka anyen lòt ke yon ble. Nan komansman, se te ble; nan fen an, lap ble. Epi on move zèb pa ka janm on ble, poutan li wouze pa menm onksyon an. Wè? Men se pa ble. Kòm mwen di l lòt jou a, apwopo de pyebwa a avèk diferan branch li yo.

161 Cheve long li, ve Nazarit li, montre ke Li devwe a Bondye. Bèl ròb de Pawòl Li ki te pwomèt pou laj kote nap viv la, anvelope L, konfime L pa Limenm, pa Ebre 13:8: “Jezikri menm lan ayè, jodi a ak pou toutan”. Li son pati de Epou-Pawòl la, fidèl a Limenm nan tout pwen.

162 Kounye a gade. Si on dam pral on kote, ke li marye avèk on nonm, epi ke li pral on kote, epi li fè lanmou ak on lòt nonm epi li gon relasyon avè l, epi li tounen kay mari li, li ta dwe mete l deyò. Se pa vre? Li dwe fidèl a li, paske li lye a li.

Epi Epouz Kris la lye a Kris; epi Li se Pawòl la.

Pa menm fè on je dou a lòt sèks la, on dam pa menm dwe fè on je dou bay on lòt nonm. Li pa dwe fè okenn siy, okenn emosyon ditou anvè li, paske li absoliman on epouz pou on sèl epou.

163 Nou pa vle okenn nan pyebwa melanje nou yo, denominasyon nou yo. Rete fidèl a Kris, Pawòl la. Li pral konfime ke Li vre. Non, mesye, pa menm on emosyon kèlkonk pou fè lanmou avè l, pa antre nan ran li ou nenpòt lòt bagay, oubyen kite l pran w nan bra li ou sou gad li, oubyen-oubyen ke l pale avè w *tèl ou tèl jan*.

Jis tande on sèl Vwa. "Brebi Mwen konnen Vwa Mwen. On etranje, li pap..." Kisa Vwa L ye? Vwa tout òm, se pawol li. E se Sa, Bib la, pa yon mo pou rajoute nan Li oswa retire a Li. Rete estrikteman avèk Vwa sa a. "Yo pap swiv on etranje," on denominasyon.

164 An efè, Li son pati de Epou a, fidèl a Limenm nan tout pwen, Lap tann Maryaj la. Ap ini, non pa nan konsèy èkumenik la; men nan syèl la, nan Soupe dè Nòs. Yo ba li... Se pou pwòp egliz nou. Yo ba Li, epi yo revele Li, mistè Sèt So yo de Bib la. Wè? Li wè foli sediktè a, si pwòch Verite a, ki prèske twonpe Eli yo. LI wè li. Li...

165 Èske nou wè toude lespri ki opoze yo kap travay nan aj move sa a? Èske nou ka wè l? Yo chak, trè reliye, Kayen epi Abèl, espri kap tounen ankò nan tèt yo, toujou parèy a sa yo te ye nan komansman an. Youn, kap adore pa bote, epi pa konesans, epi pa edikasyon, epi pa la syans, ei pa etik. Epi lòt la, pa lafwa revelasyon Pawòl Bondye a. Toude kanpe nan batiman isit la maten an. Se vre.

166 Revelasyon an, oubyen lafwa, nan Pawòl Li, pa pretann ke l gen konesans; veritab, Kretyen otantik.

Yo di: "Èske ou gon-ou gon doktora?"

Li san pretansyon. "Mwen-mwen kwè Pawòl Li." Wè? Li san pretansyon. Li pa pretann ke li enstwi. Li pa nan okenn denominasyon, okenn pati, okenn sèkt. Se pou Kris Li ye. Li se Madanm Li; pa madanm on legliz.

Li son prostitye. Bib la di ke li te yon "pwostitye," epi, "MANMAN ENPIDIK YO", epi yo tout rasanble pou fòme on sèl epi menm pwostitye a. Epi jan de fanm sa a, se fanm ki pa fidèl a Mari li, li pretann ke Kris se mari li, alò ke li nan denominasyon. Ala tenten! Se pou Kris nou ye.

167 Men, nan obeyisans, ti Fanm lafwa sa a, ki viv pa lafwa, Epouz la; moun lan *isi a*; la a, isit la, on lòt kote, nan on lòt egliz, on lòt denominasyon, pe enpòt, nan kèk... Li kwè Pawòl Bondye a, Li obeyisan, Lap tann avèk lanmou, ke pwomès aj la ap konfime. Lap tann sa a. Li fè pati de Pawòl sa a, epi Lap tann ke vi Li manifeste Pawòl sa a.

Frè m yo, èske nou pa ka wè sa? M espere ke li pa pase anlè tèt nou.

Kò a ap tann (ki se Pawòl la), ap tann ke Lavi ( ki se Lespri a) vin konfime L, oubyen fè L pran lavi. Se sa Lap tann. Okenn lòt vi ka aji nan Li. Pa gen okenn lòt mwayen pou L vin a lavi. Poutan, Li santi I lòt bò a, epi Li konnen ke sa pral rive; epi men lap vini, epi Li leve. Bondye di: "Se pou I fèt", epi Li parèt menm jan premye a te parèt.

168 "Timoun dezobeyisans" vle di obeyisans... Dezobeyisans vle di "rebelyon". M chache sa nan diksyonè, pou m si. Rebelyon, rebele kont (kisa?) Pawòl revele Bondye a. Menm jan Kayen revele... li rebele kont revelsayon Abèl la, ki te revele, ke Bondye te konfime ke li te jis. Epi Kayen rebele kont sa, epi li touye frè li.

Farizyen yo, ki te gen pwòp konesans denominasyonèl de sa Pawòl Bondye te ye, yo chwazi on nomm, yo rebele kont Pawòl Bondye konfime, manifeste pou jou sa a, Jezikri, epi yo touye L. Pa vre?

Se sa "timoun dezobeyisans" yo ye, on rebelyon kont Pawòl Bondye a.

Kounye a nou wè kote yo ye? "Oh, jou mirak yo pase. Jezikri pa menm lan ankò. Batèm Sentespri a pa egziste. Tout bagay sa yo pa gen sans!" Wè, rebelyon! Yo pa bezwen di de bagay; yo jis bezwen di youn, se tou. Se sa ki rebelyon an, jis la a. Yo pa ka di ke ou pa gen je, ke ou pa gen zòrèy; ou dwe pran tout kò a, tout Pawòl la. Wè?

Apèl Sentespri a, "Soti nan mitan li, pa patisipe nan dogm denominasyonèl li," alò ke yap griyen dan yo epi yap meprize Pawòl Bondye jou jodi a.

"Moun pa ka pase Bondye nan betiz", jis sonje. Lap gentan konnen. Pa enkyete nou. Lap gentan konnen. Bib la, nan Efez 4:30, si nou vle note li, Efez 4:30, di: "Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte." Yo pa ka pase nan betiz epi pase nan tenten epi di bagay sa yo, epi sove konsa. "Tankou pen sou dlo, lap tounen."

169 Li se epouz dyab la, anvlope nan konesans reliye, ki ranpli ak lanmou pou peche, kap anseye nan move aj prez an, pou sedwi nou. Oh lala! Tout on klik, ou on denominasyon, espri sediktè, gras a konesans syantifik epi on sivilizasyon modèn! Lap pretann...

Nap fini nan kèk minit. Map oblige kanpe, paske m pap rive pran tout, wè.

Li pretann ke li konstwi on mond fòmidab, pou nou ka viv ladann. Li pretann ke, nan sivilizasyon pa I, li konstwi bèl legliz, kolèj, lekòl, lopital, bibliyotèk epi èd tanporè pou lòm, san Pawòl Bondye. Li fè I. Li pwouve ke I te ka fè li. Epi moun yo tonbe ladann; wi, mesye; lekòl, denominasyon, kilti, moun ki pi byen abiye, moun ki manje pi byen.

M ta pito kanpe nan on liy pou m gen pen, epi pou m an règ ak Bondye; pase pou m manje poulè fri twa fwa pa jou, epi pou m fè pati de yon prostitye konsa.

170 Sonje, lè a pre kote mak la pral rive. Wap swa andedan, swa andeyò. Lap vini tankou on vòlè nan nwit. Lap pran w an plen ladann, epi wap rete la a. Apresa, pa gen mwayen pou soti ladann; wap gentan resevwa l. Soti!

On Anj desann de Syèl la, avèk on figi briyan, epi li rele bay pèp la. Sa souke latè a. "Soti Babilòn, paske l tonbe. Pa patisipe nan malè sa a, pèp Mwen!" Soti nan mitan li. Soti! Èske nou pa li l nan Pawòl la, talè a? On anj, se on "mesaje", wè, ki desann. Remake Sentespri a, "Soti nan mitan li, pou w pa patisipe."

171 Kounye a, li konstwi tout bagay sa yo. Li konstwi gwo legliz. Li konstwi kolèj, lekòl, li pran moun yo epi li edike yo nan on, swadizan, pi bon sivilizasyon. Epi yo edike yo pa yon sivilizasyon modèn ki mennen yo nan twou lanmò a, pa konesans, Iwen de Bondye e de Pawòl Li.

Èske nou pa wè tout plan an? Èske nou wè sa, egliz? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Sou lè zond, si nou wè li nan pwòp asanble nou, di "amèn," lòt yo ap konnen sou kisa nou kanpe. Wè?

Se sa l fè. Li se... Son dye de latè sa a, epi li konstwi kolèj. Li konstwi inivèsite. Li konstwi lopital. Li konstwi bibliyotèk. Li konstwi tout bagay sa yo pou ede moun yo tanporèman, jis ase pou sedwi yo, pou elwanye yo de Pawòl sa a. E a kisa li kondwi yo? Tout mond eklezyastik la plonje nan lanmò, paske Bondye di Lap boule prostitye a, epi timoun li yo, nan on dife etènèl.

Soti la a, zanmi! Pa pran ladann. Elwanye nou de bagay sa a osi vit ke posib!

Pa konesans syantifik li, li ka fè sa, remake kounye a, san Pawòl Bondye a.

172 Bondye pa janm òdone nou pou soti epi pou nou gen lekòl. Jamè. Li pa janm di nou pou nou konstwi lopital. Yo se bon bagay. Li pa janm di nou pou nou konstwi bibliyotèk. Non, msye. Jamè.

Li di: "Preche Levanjil la". Epi, Levanjil la, se manifeste, demonstre pwisans Sentespri a.

Pòl di: "Levanjil la vin a nou, pa pa pawòl la sèlman, men pa manifestasyon epi demonstrasyon Sentespri a." Pòl di: "M pa vin a nou avèk gwo pawòl sajès kèk doktè, men m vin a nou avèk pwisans epi demonstrasyon Sentespri a, pou ke lafwa nou pa nan sajès oubyen

konesans lèzòm mond sa a, men nan pwisans rezirèksyon Jezikri, paske Li vivan, menm lan ayè, jodi a e pou toutan.” Ke Bondye ede nou kwè menm bagay la, e ke Bondye konfime menm bagay la, kòm Li fè l jiska prezan.

173 Li anpeche nou wè vre revelasyon epi lafwa nan Pawòl Bondye a ki revele epi ki konfime jodi a, pa lekòl li yo, bibliyotèk li yo, literati li, lopital li yo, e ensidswit. Wè? Li anpeche nou. Lap entèprete kounye a, menm jan li fè l avèk Farawon, lap eseye anpeche nou wè siyifikasyon Pawòl konfime a nan laj sa a ke L te pwomèt nan Limyè aswè a, ki konfime e pwouve. Li eseye, pa konesans li, epi lekòl, epi moun ki pi byen edike, pa etik, e ensidswit, anpeche nou wè Sa a.

Nenpòt kisa, pou w pa gade Sa a epi wè ke se Jezikri! Kijan nou konnen ke se Jezikri? Li se Pawòl la, e Li se Pawòl la de laj sa a. E nan laj sa a, Li te di ke sa ta pral fèt nan laj sa a, e se sa kap rive la a. Wè? Wè? Li fè tout sa li kapab pou anpeche nou wè Sa a.

Li pral kole sou Li nenpòt non sal ke l kapab. Wè? Lap rele L “egzalte” ak tout lòt bagay. Li rele Jezi “Bèlzeboul.” “E yo rele Mèt kay la Bèlzeboul, se pa lòt moun nan kay la yo p'ap bay pi move non toujou!” Wè?

174 Wè, lap eseye anpeche nou wè vre sans Pawòl la. Pa sa... Wè, lap entèprete L, ap di Li vle di sesi.

Bondye di: “Mwen pwomèt ke, nan dènye jou yo, Map voye nou Malachi 4.” Li pa bezwen entèpretasyon; Li fè l. Li di: “E kòm nan epòk Lot, mond lan pral nan menm eta ak Sodòm; epi nan tan sa a, M pral revele Fis de lòm lan pa li, parfètman.” Nou gen tout sòt imitasyon epi tout rès la, de sa a, men nou gen sa ki Vre a, tou. Wè? Li di ke Li tap fè l.

Li di ke antikris la ta pral leve epi sedwi prèske Eli

yo si l te posib. Men Li di: “Kite yo trankil. Kite yo ale. Yap dekouvri foli yo.” Poukisa? Tès Pawòl la pwouve l. Wè?

Le li saji de Pawòl sa a, “Ke sa pase *konsi, konsa?*

Oh, m pa kwè nan semans sèpan an. M pa kwè nan *si, sa*, epi *lòt yo*.” Sa pat janm revele, wè, non, jamè. Oh, frè, jis gade kote...

Nap oblige fini, paske li midi

175 Remake, lap eseye anpeche nou wè sans Pawòl laj sa a, Limyè aswè a ki entèprete. Li... Sa sa vle di? Se ke tan egzòd la pre, Bondye ap vin pou Li, osi sèten ke mond lan. Wè?

176 Kounye a, m vle poze nou on kesyon. Kwake, li midi kounye a, midi senk; nap kontinye aswè a. Èske nou wè dye aj sa a? [Asanble a di: "Amèn."] Èske nou kwè sa? ["Amèn."] Nou wè kijan l ye, on legliz, entelektyèl, syans?

Lemonn antye fè pati de li, wè, denominasyon yo. Epi, nou di, "m son Kretyen." "Ou fè pati de ki denominasyon?" Eben, si m te fè pati de yon denominasyon, mwen pa kwè ke m tap on Kretyen. Bon, son gwo deklarasyon, men se vre.

M fèk di ke konesans avèk syans, epi Krisyanis, pa gen kominyon ditou. Youn vin de dyab la, epi lòt la de Bondye. Tout sa ki nye Pawòl Bondye a, elwanye nou de li. Wè? Non, msye. Pou dènye jou sa yo, Bib la rele Kretyen yo pou yo soti de prostitye sa a, de pyebwa sa a ki byen e mal.

177 Natirèlman, li gen bon nan li. Èske on moun ka di du mal sou lopital? Non, msye. Bibliyotèk? Non, msye. Edikasyon? Non, msye. Men, wè, yo ba yo sa a san Pawòl la. Nou wè kijan sa a twonpe? Yo ba yo yon legliz kote yo ka ale, on kilt pou adore, "on dye ki chita sou on tròn." Bib la te anonse sa.

178 Kounye a, nou fè pati de youn nan kò sa yo. Gen de sèlman kounye a sou latè a, toujou te genyen, epi ap genyen jiskaske Jezi vini, epi youn nan yo pral detwi. Kounye a, nou fè pati de youn nan kò yo. Youn nan yo, ou adere a li; lòt la, ou ne Ladann. Wè?

Youn nan yo, ou fè pati de li paske ou ne Ladann. Ou dwe fè pati de Li. Èske m ka nye ke m gon bra? Pa plis ke m pa ka nye on Pawòl Bondye, si m fè pati de Bondye. M fè pati de William Branham; m gen plizyè pati, e chak pati son pati de mwen. E chak Pawòl Bondye dwe matche ak lespri mwen, dwe matche ak nanm mwen, dwe matche ak vi mwen, Li dwe matche ak lide mwen. Si lide mwen kontrè a Sa, alò Lespri Bondye pa abite an mwen. Se vre. M pa ka nye on sèl Pawòl nan Li.

179 Ou fè pati de youn nan kò yo. Sa dwe fèt, sa jis dwe fèt. Se swa Kò Bondye a, ki se pa Pawòl lan; osinon kò Satan an, pa legliz lan. E lemonn antye dwe fè pati yon legliz; li adore yon dye. Ou dwe adore swa dye konesans lan, ou depann de sa w tandé pa konesans, ou depann de sesi, oswa sela, oswa se lòt bò; oswa ou depann de Pawòl Bondye, pa lafwa, ap tann Li konfime L epi fè L vrè.

Vrè Legliz Bondye a ap tann vini jou Milenyòm lajwa sa a,

Lè Seyè beni nou an va vin chache Epouz Li kap tann;

O, kè m plen ak anlèvman antan m travay, veye e priye,

Paske Seyè nou an ap tounen sou latè ankò.

O, Seyè nou an ap tounen sou latè ankò,

Satan pral mare pou mil an, nou pap gen tantatè lè sa a,

Apre Jezi va tounen sou latè ankò.

180 O, pèp Etazini sa yo, kote Mesaj sa a prale kounye a, sove ak tout fòs nou sot nan laj konesans syantifik sa a ke n ap viv ladann lan. Sove al jwenn Pawòl Bondye!

Noumenm, mwenmenm, pèsòn pa ka—pa ka, konnen L. Pèsòn pa ka pwouve L. Bondye fè Pwòp prèv Li. Pèsòn pa gen dwa entèprete L; mwenmen, okenn lòt nonm pa gen dwa. Bondye fè Pwòp entèpretasyon Pa L. Li te fè pwomès lan. Li te di L tap fè sa nan dènye jou yo.

E nan dènye jou yo dye pou move laj sa a tap avegle je moun yo, ak konesans entèlekyèl li, nan yon pyebwa melanje ak sa ki bon ak sa ki mal, toujou ap bay moun yo li. E men, bagay sa kap monte, denominasyon sa a ki sot anvan nèt nan Laj Fènwa yo, epi anvan Laj Fènwa yo, tout ap monte nan yon sipèmenn, Satan, ki te di: “M ap glorifye tèt mwen pi wo pitit Bondye yo, e yap koute m.” “E limenm tankou Bondye pral chita nan tanp Bondye a, epi pitit Bondye yo pral tonbe pou li.”

181 Poukisa, pitit Bondye a, di: “Ebyen, madanm mwen, sa pat; li s on bon...” Ale, jis kontinye. Ou wè?

Nou di: “Ebyen, Li te di: “pitit Bondye yo.” Wi, mesye.

Lòm, kèlkeswa moun li ye a, te fèt nan imaj Bondye, pou glwa Bondye. E yon fanm se yon pwodwi ki fèt apati de lòm, pa de Bondye. Se vre. “Lè pitit gason Bondye yo te wè pitit fi lèzòm te bèl, yo te pran fanm pou tèt yo.”

“E jan sa te ye nan jou Noye yo, se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan.”

Kounye gade, si n vle konnen nan ki stad legliz lan ye, gade nan ki stad fanm yo ye, ou wè, paske li se legliz la. Gade kisa l ap fè, ou wè, epi nan move laj pwostitye sa a.

182 Gade, pat g on vil ki pi malveyan, pi mechan, pi ba, nan pwostitisyon nan mond lan, pase Nazareth, e Bondye te chwazi yon vyèj sot la a. “Èske gen anyen ki bon ki te ka sot nan Nazareth?”

E sot nan move laj sa a, kote bondye laj sa te avegle je moun yo, ak dògm yo ak denominasyon yo; sot nan laj sa a menm, Bondye ap chwazi yon pèp pou Non Li.

Menm si yo neglije epi meprize, yon jou Seyè a va mennen

Chwazi L yo nan pòtay la, e sa vo tout bagay.

Lè sa a n va chante epi rele, epi danse,

Ayo a va seche dlo nan je nou;

N ap gen yon semèn lajwa vini lakay,

Premye di mil an yo. (Se vre.)

Yon pèp mèveye pou Non Li e yo rele yo Epouz Li. (Èske se vre?)

Menm si yo neglije epi meprize, yon jou Seyè a va mennen

Chwazi sa yo nan pòtay la, (nan egzòd la) epi sa vo tout bagay pou mwen.

183 M ap vin yon granmoun. E jou m yo kòmanse disparèt; e vizyon nan je m vin bese; e ti flanm lavi mwen kòmanse boule piti. M pa pè fènwa a. Paske m vle di sa, ak Pòl: "M konnen L nan pwisans rezirèksyon Li." Sa pa enpòtan ki kote yo antere m, si m neye nan lanmè an, oswa boule nan yon founèz, oswa yon lyon manje m, L ap rele non mwen, epi m ap pale. Amèn!

Annou lapriyè.

184 Si genyen anndan isi a, oswa deyò nan liy Mesaj sa a atravè nasyon an, nan ti legliz ak gwoup ak sal nou yo, ak kèlkeswa kote n chita a, si gen youn, o, kite m konvenk ou; kite m sipliye w, kòm yon minis Levanjil la; kite m sipliye w, nan Non Jezikri; sove pou gwo kòlè laj mechan sa a! Pa sèvi dye laj move sa a.

O, m konnen w di: "Li bon. Yo kòrèk." Egzakteman, yon pyebwa ki melanje. Ou pa ka melanje konesans ak Pawòl Bondye.

S on Pawòl ki pou kwè pa lafwa, pa konesans. Nou pa konprann Li; nou asepte L. Nou di L kòrèk, epi nou viv pa Limenm. Se tout sa L mande nou fè.

Si gen nenpòt ki prezan isi a nan gwoup nou an, nou pa ka fè apèl a lotèl pou mennen nou anwo isi a, paske pa g okenn plas; oswa deyò nan lè a, sou liy telefòn yo, si gen nenpòt deyò la a ki pa konnen L. Pa...

185 O, fanm, m te blame nou maten an, pa mwenmenm, m te sèlman site Pawòl la. Cheve kout, mete vye ti rad sa yo, abiye tèt nou pou parèt vrèman seksi, èske n pa reyalize ke lespri ki...Nou ka pwòp, chè, sè, lè sa konsène kò nou, men nan nanm nou èske n pa wè kisa k anpare nou?

Èske Bondye tap fè pitit fi L parèt seksi pou sedwi pwòp pitit gason L, pou I anvi li, pou fè yo toude reponn pou adiltè? Èske L tap fè I, sè? Poze tèt ou kesyon sa a. Non, pa pa sèz milyon kilomèt. Pa mete sa sou Bondye.

186 Frè, èske dye ba w yon lespri mond sa a jouk ou pa ka wè ke sa pa bon? Èske I te avegle je w, pou etik legliz lan, denominasyon an, kredo an, e latrìye, ke w pa ka wè ke Bondye ap konfime Pawòl Li epi ap fè L konsa? Èske travay ou, èske bòs ou, èske madanm ou, èske pitit ou yo, èske legliz ou, oswa nenpòt bagay, te separe w de Pawòl Bondye a, ki se sèl sous Lavi a? Sove pou li, frè m! M renmen w, ak lanmou Bondye. M pa respekte okenn nan frè m yo pi wo pase w, ditou. Si m te fè sa, m ta montre respè pou moun. M pa di bagay sa yo pou fè w fè kòlè. M montre, di bagay sa yo paske yo nan Pawòl Bondye a. E kòm yon sèvitè Bondye, epi lanmou Bondye nan kè m, m di w bagay sa yo konsa w ap wè epi konprann. Petèt ou pa tap konnen si m pat di w. Èske w ap sove pou li jodi a?

Kounye a, ak tout kote atravè peyi a, ann koube tèt nou.

187 Chè Bondye, gen mouchwa ki poze devan m. Moun yo malad; m ap poze men m sou yo, ke W va geri yo.

188 E m konfyan, Seyè, aswè a, ke pral g on gran sèvis, ke Pwisans Bondye a pral isi a, gran siy ak bèl mèvèy. Jan n te tande rezulta yo nan de dènye reyinyon sa yo, kijan sa ekstraòdinè, wè sa k te rive! M priye, chè Bondye, ke W va ban nou yon doub pòsyon aswè a. M priye I ak yon kè sensè, Seyè, paske se lanmou m pou Ou ak Pawòl Ou, ak pou moun sa yo. Akòde I, chè Bondye.

189 E si deyò atravè peyi a, oswa menm anndan isi a kounye a, ke gen kèk ki malad epi aflije, e dwe pati pou aswè a, pap isi a, oswa ki deyò la a nan legliz yo oswa plas kote yo rankontre; m priye Ou geri yo. Kounye a, Seyè, men pou pi gran nan tout gerizon! Si W geri kè fizik yo ak kansè, Tibèkiloz, nemoni, yon bagay, y ap malad ankò, pa gen dout, si yo viv trè lontan, paske kè yo toujou anba peche, madichon an. Men kite yo pran vrè gerizon Divin

lan—lan, gerizon nanm lan, ki f on nouvo kreyati, pase sot nan lanmò al nan Lavi, epi ap tann nan vye tabènak sa a pou redanmsyon kò a apre nanm lan te rachte. Akòde I, Seyè.

190 Ke yo sove pou denominasyon ak kredo sa yo. Bondye, deyò nèt la a nan kredo ak denominasyon sa yo m te rankontre kèk nan frè ki pi debyen yo. E, Bondye, kijan m ka di I konsa y ap wè, e kite yo wè Pawòl la? Sa deranje m. Men m konnen, ankò, ke W te di: "Okenn nonm pa ka vini," sa pa enpòtan kijan I bon, kijan I dou, kijan I janti, "sòf si Papa M te rele I. E tout sa Papa M te ban Mwen, y ap vini." E, Seyè, m santi sèl reskonsabilite m pou di Laverite.

E pa tankou Pòl te di: "Manyen Pawòl Bondye ak twonpri," ak dògm denominasyonèl ki melanje ladan L, tankou yon pyebwa ak melanj sa ki bon ak konesans, sa ki bon ak sa ki mal; men ak yon kè louvri epi Sentespri a. Akòde I, Bondye. Sove chak moun.

191 Kounye a ak tèt nou bese ak je nou fenmen. E pa pou mwen...M pa ka di I fason sa a: "Sa pa fè okenn diferans pou mwen si nou fè I oswa n pa fè I." Sa f on diferans pou mwen. M renmen nou. E m swete nou pa panse paske m dwe pale rèd...Jan Pòl te di a: "M ta renmen pou m prezan avèk nou, epi m ta chanje atitud mwen." Se pat paske I pat renmen yo; li te renmen yo. Pa...Tankou Jezi te dwe blame yo, epi apre mouri pou yo. Ou wè: "Papa, padone yo; yo pa menm konn sa y ap fè." Pou panse, yon èt imen ki vle gen rezon, epi ap eseye gen rezon, epi pou wè dyab sa a... Se sila ke m kont li a, ki te avegle je moun sa yo.

192 Nasyon sa a ta dwe ap boule ak glwa Bondye, pou wè kisa k te pase nan li nan dènye jou sa a, dènye sa a. Poukisa revèy sa yo pat frape ansyen peyi yo? Sa se Kot Wès bò isi a, pi lwen nan Iwès ou ka ale. Kounye a baryè peche a te gwonde desann anba tè a, e I ap koule; dè plas, ak Los Angeles ak Hollywood, ap koule tan kantite pouz pa èdtan, pa gen mwayen pou kanpe I. Ya, nou la a. A nenpòt lè n ap tandé konvokasyon an. Si n konn sa...

Kounye a, ke pèsòn pa gade. Men si n konnen, sot nan kè nou... M ap mande nou. M pa ka konn kè nou, sòf si Bondye revele I. Men sot nan kè nou, si n ka wè ke n pa kote n ta dwe ye ak Bondye ak Pawòl Li, nan lafwa, èske n ta jis vle leve men nou ba Li, di L: "Seyè, se pou W ede m." O Bondye! Sot nan legliz sa a, chaje, chaje nan viwonn miray yo, anndan kou deyò, literalman dè santèn de men, petèt desan men ki leve. Mèsi pou onètete nou.

193 Chè Jezi, pa kite youn nan yo pèdi. Antan ke sèvitè Ou, ki kanpe nan mitan vivan ak mò a, ap dirije yo, ak yon dwèt, bay Pawòl Bondye a. M pa ka sove yo, Seyè, men yo vle sove. E, Papa, janm te di plizyè fwa, solèy la leve nan maten; e antan I monte atravè latè, Bondye te voye I pou fè gress lan vin mi, pou fè manje natirèl pou vi natirèl. Men, O Bondye, Ou te di: "Bay sila yo ki pè Non Li Solèy jistis lan va leve ak gerizon nan zèl Li." Kite Solèy jistis la,

Pawòl Bondye an, leve nan kè moun yo, epi reyon gerizon lafwa an nan Pawòl sa a geri chak dezobeyisan nan Pawòl I, epi mennen yo nan plenitid ptit gason ak ptit fi Bondye yo.

Yo pou Ou, Seyè. Nan Non Jezikri, toude isi a ak deyò a nan lè a, m prezante sila yo ki te leve men yo ba Ou pou sali nanm yo. Amèn.

La a nanm anlve mwen va jwenn (Ki kote? Nan lotèl sa a.)

Repo pi lwen...(pa lafwa m gade lòtbò la a kote m prale)

Toupre kwa an, (se kote Pawòl lan pandye) ...kwa an,

Se glwa mwen tout tan;

Jouk nanm anlve mwen va jwenn

Repo pi lwen larivyè a.

Jezi, kenbe m... (Se, klouwe sou lakwa avè L, pa vle anyen nan mond lan. "Kenbe klouwe sou lakwa.")

G on fontèn presye,

Li gratis pou tout moun, yon kouran gerizon,

Ki koule sot nan fontèn Kalvè a.

Nan kwa a, nan kwa a,

Se glwa mwen (ann leve men nou) tout tan;

Jouk nanm anlve mwen va jwenn

Repo pi lwen larivyè a.

194 [Frè Branham pale kounye a ak mizisyen yo—Editè a.] "M ka tande Sovè m k ap rele."

Lonje la a epi pran men yon moun, epi di: "Bondye beni w, Kretyen."

[Frè Branham pale ankò ak mizisyen yo—Editè a.] "M ka tande Sovè m k ap rele."

Nou santi Prezans Li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

Deyò la a sou ond telefòn yo, nou tout bay lòt lanmen deyò la a, epi di: "Bondye beni w, Kretyen."

195 Nou konnen, g on pisin dlo dèyè isi a. L ap pran yon pèp k ap pote Non Li. Nou pat batize nan Non Jezikri pou padon peche n yo, g on pisin, gen rad, g on mesye ki kanpe pare. Nou byenvini, si n vrèman asepte Jezi kòm Sovè nou epi kwè ke sa se Laverite.

196 Sonje, pat janm g on moun nan Bib la, oswa nenpòt lè anvan òganize legliz Katolik la, ki te janm batize nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri. Pa g okenn kote ki jwenn nan Lekriti, oswa listwa, ke okenn moun te janm batize, nan Legliz Bondye vivan an, nan non tit de "Papa, Pitit, Sentespri," yo. S on dògm Katolik, e pa yon ansèyman Bib.

197 Yon prèt tap entèvyouwe m, m te mande I sa. Li te di: "Sa se laverite. Men nou se legliz la; nou ka chanje kèlkeswa sa n vle. Sak solanèl la se nan legliz la. Bondye nan legliz Li."

198 M te di: "Bondye nan Pawòl Li. E si legliz la se..." M te di: "Bondye se Pawòl la. E si legliz la kontrè ak Pawòl la, alò m pa kwè legliz la."

M kite pawòl chak nonm s on manti, ke I se prèt, pap, kèlkeswa sa I te ka ye a, e Pawòl Bondye se vre.

E Pòl te lakòz chak nonm, sa pa enpòtan kijan I te batize, si I pat batize nan Non Jezikri, pou I vini epi batize ankò.

199 Epi apre kèk te deja resevwa Sentespri a, Pyè te di: "Èske n ka entèdi dlo, antan nou wè ke sila yo te resevwa Sentespri a," Ak 10:49, "antan nou wè ke sila yo te resevwa Sentespri a tankou n te fè nan..." Epi I te kòmande yo: "Anvan nou kite plas la, menm si nou te resevwa Sentespri an, vini epi batize nan Non Jezikri."

Paske, yo te bay Pyè kle pou Wayòm lan, ap di: "Kèlkeswa sa w mare sou latè, M ap mare I nan Syèl." E kisa yon kle fè? Li debloke yon bagay, mistè a.

200 E lè Jezi te di: "Ale, batize yo nan Non Papa, Pitit, Sentespri a," mete sa la a pou avegle enkwayan yo.

Gade! Poukisa Pyè pat akonpli sa, mo pou mo? Li te dwe fè I.

Si yon nonm batize nan tit yo: "Papa, Pitit, Sentespri," li pat janm batize ditou; li pa g okenn Non. *Papa* pa okenn non, *Pitit* pa okenn non, e *Sentespri* pa okenn non. Sentespri a se sa L ye; tankou, m s on imen. Se Sentespri a.

*Papa s on tit; m s on papa. Pitit s on tit; m s on pitit. Imen s on tit; se sa m ye.* Men non m se William Branham.

E Non Papa, Pitit, Sentespri a se Non “Jezikri.” Jezi te di: “M vini nan Non Papa M.” Kisa k Non Papa a? Nenpòt pitit gason vini nan non papa l. E Non Papa a se Jezikri. Ou wè? Ou wè sa m vle di?

201 Si m te di nou desann epi pran on bagay pou mwen sou kontwa a isi a, nan non majistra vil la. Konbyen moun ki konn kimoun majistra vil la ye? Bon zanmi m, Rich Vissing. Ebyen, nou pa tap desann la a epi di “nan non majistra vil la.” Nou di: “Nan non Richard Vissing.” Noumenm moun yo isi a nan Jeffersonville konn kimoun li ye.

E se pou rezon sa a L te di: “Papa, Pitit, ak Sentespri.” Divinite a abite nan Li, Divinite an plen nan kò a. Li te di: “Batize yo nan Non Papa, Pitit, Sentespri a.”

202 Pyè kanpe la a ak revelasyon ke L te bati Legliz la sou li, de Kimoun Li te ye, li te di: “Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri.” E jamè...Kle yo te vire nan Syèl ak sou latè. “Pat gen lòt Non anba Syèl ki te bay nan mitan lèzòm ke w dwe sove pa li.”

203 Poukisa w batize nan Non Jezikri? Pou padon peche yo. “Kèlkeswa peche moun ou remèt, yo remèt yo ba yo.” Ou wè? Men si w pa panse li diy epi pare pou batize, piga w fè l. Paske, lè w fè l, sa fè l, ou wè. Nou konprann sa m vle di a?

M ka tande Sov-...(Pawòl la) mwen ap rele, (rele anba la a nan tonm lan)

M ka... (“Èske w pap mouri avè M, konsa w ka leve avè M?”)...-è ap rele,

M ka tande Sovè m k ap rele, (kisa mond lan pral di?)

“Pran kwa w, epi swiv, swiv...”

Kounye a, si n pat fè l:

Kote L (Li se Pawòl la) kondwi m mwen,,,,(men pisin lan)

Kote L kondwi m m ap swiv,

Kote L kondwi m m ap swiv,

M pral avè L, avè L nèt ale.

Ann koube tèt nou.

204 Chè Bondye, pisin lan pare. Kounye a pale ak kè yo, Seyè. Ke yo tandé Kris, Pawòl la, kap rele yo, epi al avè L nèt ale.

“M pral avè L nan jaden an. M pral avè L nan pisin la. M ap pran Non Li. M vle pou m se youn nan moun L ap rele yo pou Non Li. M ap kwè Pawòl Li. M ap swiv. M pap janm flète ak mond lan. M ap yon vrè Epouz ki marye. M pap kite yon yota nan Pawòl Li. Tout rekèt, m ap yon Epouz ki reyèl, vrè. Tout bagay Li mande m fè, se sa m ap fè.

“Si Mari m k ap vini mande m pou m kite cheve m pouse, m ap fè I. Si L vle m retire tout makiyaj sa a, m ap fè I. Si L vle...Li di m s on move lespri, move sa a m ap flète avè I la, ak rad ki parèt seksi sa yo; m ap fè I, m ap retire yo. Ki mele m sa nenpòt lòt moun di, m ap retire yo.

“Li vle m soti nan gwooup sa a ke m avè I la, de enkwayan, m ap fè I; menm si m fè pen m, oswa kèlkeswa sa I ye a. Li te pwomèt Li pa t ap janm kite m ni abandone m. M ap—m ap fè I. M pral avè L nèt ale. Li vle m batize nan Non L, m ap fè I.”

Seyè, Ou te pwomèt li nan Pawòl Ou isi a, se sa W te vle. Ke chak moun wè I, Seyè, epi nan dousè, nan imilite koube ba Li. Nan Non Jezi m lapriyè. Amèn.

205 Ou pou Bondye. Ke Bondye pran ti pawòl koupe yo epi fè yo vrè pou ou, se priyè sensè mwen.

Pisin lan pral pare. Nenpòt moun ki vle vini, yo gen... Minis la pral anonse sa on tikras pita. Nenpòt moun ki repanti epi vle batize, nan sèvi ak Non Jezikri, nou jis vin tou dwat. Tout bagay pare. “Tout bagay pare.” Tout bagay ke n ka fè pou ede nou viv pou Bondye, nou isi a pou n fè I. Bondye beni nou.

206 Kounye a ann kanpe. Kounye a ti chante nou an, *Mwen Renmen Li*. “Mwen renmen Li paske L te renmen m an premye.” Ann chante I, tout moun kounye a.

Mwen renmen Li,...

Ann leve men nou antan n chante I.

...Mwen renmen Li

Paske L te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

Ak tèt nou bese epi kè nou bese kounye a, ann fredone I ba Li. [Frè Branham kòmanse ap fredone Mwen Renmen Li—Editè a.]

Mwen renmen Li.

[Frè Branham kontinye ap fredone Mwen Renmen L—Editè a.]

O Bondye, Papa nou, gen mizèrikòd pou nou pòv kreyati, Seyè. Ban nou fòs pou travay ki mete devan nou. Ede m, O Bondye, ede m! M santi ke gon bagay kap ase isi a, Papa. Ede m, O Bondye, pou konnen Laverite. Beni moun sa yo, chè Bondye. Kondwi yo, m priye, nan Non Jezi.

207     Kounye a pandan n koube tèt nou, m pral mande pastè a isi a, Frè Neville, frè presye nou an, mache monte dwat isi a kounye a epi di sa I pral di a, kan ta...sou batèm lan. M ta ka anonse sa. M panse pisin lan louvri, sepandan.